**M. Xoliqova, Sh. Ergasheva**

# A’DEPNAMA

**Uluwma worta bilim beriw mekteplerinin’**
**3-klasi’ ushi’n sabaqli’q**

Du’zetilgen ha’m toli’qti’ri’lg’an yekinshi basi’li’mi’

***O’zbekistan Respublikasi’***
***Xali’q bilimlendiriw ministrligi tasti’yi’qlag’an***

TASHKENT
«YANGIYO‘L POLIGRAF SERVIS»
2016

UOK: 177=512.121(075)
KBK 74.200.51
X-72

**M. Xoliqova, Sh. Ergasheva**
A’depnama: uluwma worta bilim beriw mekteplerinin’ 3-klasi’ ushi’n sabaqli’q / M. Xoliqova, Sh. Ergasheva. — Du’zetilgen ha’m toli’qti’ri’lg’an yekinshi basi’li’mi’ - Tashkent: Yangiyo‘l poligraf servis, 2016. - 104 b.

UOK: 177=512.121(075)
ISBN 978-9943-979-79-6
KBK 74.200.51ya71

**Pikir bildiriwshiler:**

**Z. Zamonov** — Respublikali’q bilimlendiriw worayi’ «Ja’miyetlik, ekonomikali’q bilim tiykarlari’ ha’m de ruwxi’y-ag’arti’w-shi’li’q isleri bo’limi» bas metodisti;

**N. Ro‘ziboyeva** — Tashkent qalasi’ U’shtepa rayoni’ndag’i’ 62-mektep mug’allimi;

**Sh. Egamberdiyeva** — Koson rayoni’ndag’i’ 95-mektep direktori’.

## Sha’rtli belgiler:


— O’zbekistan Respublikasi’ Konstituciyasi’ statyalari’


— Hikmetler ha’m ha’disler


— «Joqari’ ma’nawiyat jen’ilmes ku’sh» miynetinen ali’ng’an pikirler


— Soraw ha’m tapsi’rmalar


— Teksttegi quramali’ so’zlerdin’ tu’sindirme so’zligi


— Aqi’ldi’ rawajlandi’ri’wshi’ qi’zi’qli’ tapsi’rmalar


— Yeslep qal


— U’yge tapsi’rma

A’ziz woqi’wshi’! Qoli’n’i’zdag’i’ kitap Sizin’ «A’depnama» pa’ninen 1—2-klaslarda alg’an bilimlerin’izdi ja’ne de ken’eytiwge, bekkemlewge xi’zmet yetedi. 3-klasta siz a’depli insan qanday pazi’yletlerge iye boli’wi’, ja’miyette wo’zin qalay tuti’wi’, shan’arag’i’na, watani’na qalay payda keltiriwi haqqi’nda ko’p na’rselerdi bilip alasi’z.

Bilim iyelew ushi’n ko’p woqi’w, u’yreniw kerek. Sizde buni’n’ ushi’n waqi’t ha’m imkaniyatlar jeterli. Siz waqi’tti’ biykarg’a wo’tkermeysiz, imkaniyatlardan wo’nimli paydalanasi’z, dep woylaymi’z.

**Respublika maqsetli kitap qori’ qarji’lari’ yesabı’nan basi’p shı’g’arı’ldı’.**

© «Yangiyo‘l poligraf servis», 2012, 2016.
© M. Xoliqova, Sh. Ergasheva, 2012, 2016.
ISBN 978-9943-979-79-6
*Qaraqalpaqsha awdarma* © «Bilim» baspasi’, 2016.

# I BO'LIM. WATAN MUQADDES



# O'ZBEKISTAN RESPUBLIKASI' — G'A'REZSIZ MA'MLEKET




G'a'rezsizlik — yen' ulli' baxi't. G'a'rezsiz ma'mleket xalqi' yerkin ha'm azat boladi'. Ata-babalari'mi'z a'sirler dawami'nda g'a'rezsizlik ushi'n gu'resip kelgen.

1991-ji'l 1-sentyabr — O'zbekistan g'a'rezsizlikke yerisken tariyxi'y sa'ne. Sol ku'nnen baslap ma'mleketimiz rawajlani'w joli'na tu'sti. Yerisken jen'islerimiz de g'a'rezsizliktin' jemisi.

G'a'rezsizlik ji'llari'nda jas a'wladti'n' ka'mil insanlar boli'p jetisiwleri ushi'n ha'mme imkaniyatlar jarati'ldi'. Jaqti'li', i'qsham woqi'w xanalari', sport qurallari', do'retiwshilik woraylari' sho'lkemlestirildi. Jaslar bul imkaniyatlardan paydalani'p, wo'z qa'biletlerin iske asi'ri'wi' mu'mkin.

O'zbekistanli' jaslar ha'r tarawda u'lken jetiskenliklerdi qolg'a kirgizip, du'nyag'a tani'lmaqta.

Ha'rbir insan wo'z watani'na xi'zmet yetiwi, woni'n' gu'llep-rawajlani'wi'na u'les qosi'wi' tiyis.

O'zbekistan bayrag'i', gerbi, gimni ha'm Konstituciyasi' g'a'rezsizligimizdin' tiykarg'i' belgileri.

# O'zbekistan Respublikasi'ni'n' Ma'mleketlik gimni

**Abdulla Aripov so'zi**
**Mutal Burxanov muzi'kasi'**

Serquyosh, hur o‘lkam, elga baxt, najot,
Sen o‘zing do‘stlarga yo‘ldosh, mehribon!
Yashnagay to abad ilm-u fan, ijod,
Shuhrating porlasin toki bor jahon!

Naqarot:

Oltin bu vodiylar — jon O‘zbekiston,
Ajdodlar mardona ruhi senga yor!
Ulug‘ xalq qudrati jo‘sh urgan zamon,
Olamni mahliyo aylagan diyor!

Bag‘ri keng o‘zbekning o‘chmas iymoni,
Erkin, yosh avlodlar senga zo‘r qanot!
Istiqlol mash’ali, tinchlik posboni,
Haqsevar, ona yurt, mangu bo‘l obod!

Naqarot:

Oltin bu vodiylar – jon O‘zbekiston,
Ajdodlar mardona ruhi senga yor!
Ulug‘ xalq qudrati jo‘sh urgan zamon,
Olamni mahliyo aylagan diyor!

1992-yil 10-dekabr.

Ma'mleketimiz bayrag'i' 1991-ji'li' 18-noyabrde qabi'l yetilgen. 1992-ji'li' 2-iyulde qabi'l yetilgen respublikami'z gerbinde qumay qusi' sa'wlelengen. Sonday-aq, wonda paxta, biyday, quyash, tawlar, woypatli'q ha'm da'ryalar ko'rinisi de bar. Bayraq ha'm de gerbindegi ha'rbir ren' ha'm ko'rinisler wo'z ni'shani'na, ma'nisine iye.

O'zbekistan Respublikasi'ni'n' Konstituciyasi' 1992-ji'l 8-dekabrde qabi'l yetilgen. Wonda bizin' huquq ha'm minnetlerimiz belgilep qoyi'lg'an.

G'a'rezsizlik sebepli du'nyag'a, ja'ha'nge shi'q-ti'q...

Du'nya kartasi'nda yendi u'lken ha'ripler menen **«O'ZBEKISTAN»** dep jazi'p qoyi'latug'i'n boldi'.

**«O'zbekistan g'a'rezsizlikke yerisiw bosag'asi'nda» kitabi'nan**



**Sa'ykes keletug'i'n juwaplardi' qoyi'p, tapsi'rmani' da'pterin'izde wori'nlan'**

__________O'zbekistan g'a'rezsizligi dag'azalandi'.

Ma'mleketlik bayrag'i'_______da qabi'l yetilgen.

1992-ji'l 8-dekabr _____ qabi'l yetilgen ku'n.

__________________O'zbekistan Prezidenti.

O'zbekistan gimninin' avtori' _______________.

## Basqati’rmani’ sheshin’

1. Jabayi’ wo’simlik.
2. Jip.
3. Adam ati’.
4. Woqi’mi’sli’ adam.
5. Yelat.
6. Insan.
7. Gu’l.
8. Ka’sip.
9. Suw joli’.
10. Rayon.

| | | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| 1 | **Q** | | | | | | | |
| 2 | **A** | | | | | | | |
| 3 | **R** | | | | | | | |
| 4 | **A** | | | | | | | |
| 5 | **Q** | | | | | | | |
| 6 | **A** | | | | | | | |
| 7 | **L** | | | | | | | |
| 8 | **P** | | | | | | | |
| 9 | **A** | | | | | | | |
| 10 | **Q** | | | | | | | |



1. «G'a'rezsizlik» degende neni tu'sinesiz?
2. Ata-anan'i'z benen g'a'rezsizlik temasi'nda sa'wbetlesin'. «G'a'rezsizlik bizge neler berdi?» degen sorawg'a juwap tabi'n'.
3. Ma'mleket ni'shanlari' haqqi'nda mag'luwmat berin'.
4. Ma'mleketimiz ni'shanlari'n si'zi'wg'a ha'reket yetin'. Ma'mleket ni'shanlari'ndag'i' ha'rbir su'wretke itibar berin'.

# KONSTITUCIYAMI’ZDA BALALAR HUQUQI’











Usi’ su’wretlerdegi balalar qanday huquq-lardan paydalani’p ati’r?

O'zbekistanda ha'rbir insan ma'mleket qorg'a-wi'nda. Ma'mleket wo'z puqaralari'ni'n' huquq ha'm yerkinliklerin ta'miyinleydi. Bul Konstituciyami'zda belgilep qoyi'lg'an.

Konstituciya ma'mleketimizdin' tiykarg'i' ni'zami' boli'p, wog'an ba'rshe a'mel qi'li'wi' sha'rt.

O'zbekistanda balalar biypul bilim ali'w huquqi'na iye. Zamanago'y ha'm qolayli' mekteplerde woqi'p ati'rg'ani'mi'z buni'n' da'lili.

Biz qa'nigeli medicina xi'zmetinen paydalani'wg'a haqi'li'mi'z. Dem ali'w huquqi'na da iyemiz.



Ha'rkim bilim ali'w huquqi'na iye.
Biypul uluwma bilim ali'wg'a ma'mleket ta'repinen kepillik beriledi.
Mektep isleri ma'mleket qadag'alawi'nda boladi'.

**41-statya**

## RUSTEMNIN' QUWANI'SHI'

Rustem bi'yi'l 1-klassqa bardi'. Mektepke barmastan buri'n anasi' woni' medicinali'q ko'rikten wo'tkerdi.

2-sentyabr Rustem ushi'n yen' quwani'shli' ku'n boldi'. 1-klass woqi'wshi'lari'ni'n' ha'mmesine Prezident sawg'asi' tapsi'ri'ldi'.

Rustemdi jaqi'nlari' quwani'shli' ku'tip aldi'. Rustem wolarg'a sawg'alari'n ko'rsetip, mektebi, ustazi' ha'm doslari' haqqi'nda so'ylep berdi. Ata-anasi' wog'an jaqsi' woqi'p, a'depli bala boli'wi' kerekligin uqti'rdi'.




1. Siz birinshi ma'rte mektepke kelgen ku'nin'izdi yesleysiz be?
2. Rustem qanday huquqlari'nan paydalandi'?
3. Siz medicinali'q baqlawdan wo'tkensiz be? Medicinali'q baqlaw ne ushi'n kerek?

Ha'rbirimiz minnet ha'm wazi'ypalari'mi'zdi' umi'tpawi'mi'z kerek. Ja'miyetlik wori'nlarda, mektepte belgilengen ta'rtip-qag'i'yadalarg'a boysi'ni'wi'mi'z tiyis.

Soni'n' menen birge, basqalardi' hu'rmet yetiwimiz za'ru'r. Do'gerek-a'tirapti' taza saqlaw, ta'biyatti' qorg'aw ha'rbirimizdin' wazi'ypami'z.

Puqaralar qorshag'an wortali'qqa i'qti'yatli' tu'rde qatnas jasawg'a minnetli.

**50-statya**



1. Siz Konstituciyami'zda belgilengen qanday huquqlari'n'i'zdan paydalani'p ati'rsi'z?
2. Minnet ha'm wazi'ypalari'n'i'z haqqi'nda da bilip aldi'n'i'z ba? Wolar haqqi'nda ayti'p berin'.
3. Wo'zin'iz jasap ati'rg'an jerin'izdi'n' ta'biyati' haqqi'nda ayti'p berin'. Biz ne ushi'n ta'biyatti' qorg'awi'mi'z kerek?

# MEN O'ZBEKISTAN RESPUBLIKASI' PUQARASI'MAN










Ha'rbir ma'mleket wo'z puqaralari'ni'n' huquqlari'n qorg'aydi'.

Biz O'zbekistan Respublikasi' puqaralari'mi'z.Sol sebepli ma'mleketimiz bizin' woqi'wi'mi'z, salamat wo'siwimiz ushi'n g'amxorli'q yetedi. Sebebi biz yelimizdin' keleshegimiz. Ha'rbir ul-qi'z haqi'yqi'y insan boli'p, watani'na payda keltiriwi ushi'n jaqsi' woqi'wi', a'dep-ikramli' boli'wi' sha'rt.

O'zbekistan Respublikasi' wo'z aymag'i'nda da, woni'n' si'rti'nda da wo'z puqaralari'n huquqi'y qorg'aw ha'm wolarg'a qa'wenderlik ko'rsetiwge kepillik beredi.

**22-statya**

1. Siz ne ushi'n O'zbekistan puqarasi' sanalasi'z?
2. Ma'mleket wo'z puqaralari'n qorg'ay ma? Bul qaysi' ni'zamda belgilengen?

## O'ZBEKISTAN PASPORTI'

Ulzadani'n' a'jag'asi' Azamat 16 jasqa toldi'. Pasport alg'an ku'ni wol u'yge quwani'p kirip keldi.

– Anajan, men u'lkeydim. Yendi menin' pasporti'm bar, — dedi. Ulzada a'jag'asi'ni'n' nege bunshelli quwani'shli' bolg'ani'n tu'sinbedi. Buni' sezgen anasi':

Yele sen de u'lkeyip pasport alasan'. Woni' shet ma'mleketlerge shi'qqani'n'da maqtani'sh penen

ko'rsetesen'. O'zbekistan pasporti' menen ha'mme jerde basi'n'di' ba'lent ko'terip ju'riwin' mu'mkin.

Sol ku'ni Ulzadani'n' u'yinde bayram boli'p ketti. Atasi', a'jesi, a'kesi Azamatti' qutli'qladi'.

— Yel-jurtqa paydasi' tiyetug'i'n adam bolg'aysan', balam! — dep tilek bildirdi.

Ulzadani'n' a'jag'asi'na ha'wesi keldi. Qa'ne yendi wol da tezirek u'lkeyip pasport alsa! Ulzada pasport alatug'i'n ku'nin asi'g'i'p ku'tpekte.

**Pasport** — puqara shaxsi'n tasti'yi'qlawshi' tiykarg'i' hu'jjet.




1. O'zbekistan pasporti' neshe jasta beriledi?
2. Ulzadani'n' ne ushi'n a'jag'asi'na ha'wesi keldi'?
3. Insan Watani' ushi'n neler islewi kerek, dep woylaysi'z?

# WATANI’N’ – ANAN’












## WATANI’M

Bawi’rman dos xalqi’n’ bar,
Da’wirim gu’llep barq urar,
Kewlim alg’a talpi’nar
Qushag’i’n’da Watani’m.

Ju’regimde jali’n bar,
Ana su’tin’, pali’n’ bar.
Tamg’an kindik qani’m bar,
Topi’rag’i’n’da Watani’m.

So’yleytug’i’n til berdin’,
Solmaytug’i’n gu’l berdin’.
Menin’ barli’q ku’nlerim
Sende wo’ter Watani’m.

A’lemge dan’qi’n’ jayi’lg’an,
Ayg’a jumsa qayi’lman.
Xi’zmetin’e tayi’nman,
Ha’mme waqi’t Watani’m.

**X. Saparov**

1. Qosi’qti’ yadlap ali’n’.
2. Watan haqqi’nda wo’z tu’sinigin’izdi da’pterin’izge jazi’n’.

## JAYNA, WATAN

Jayna, Watan
Jan Watan.
Sag'an alg'i's, dan'q Watan!
Sensen',
Bizin' anami'z,
Sag'an pida' ta'nde jan!

**Zafar Diyor**

Ha'rbir insan wo'z watani'n su'yiwi, ardaqlawi' sha'rt. Jabayi' haywanlar da wo'zinin' tuwi'lg'an ma'kani'n taslap ketkisi kelmeydi. Wot-sho'plerdin', tog'ayli'qlardi'n' biytani's topi'raqlarda wo'sip wo'niwi qi'yi'n. Sebebi, haywanlar da, wo'simlikler de wo'zleri du'nyag'a kelgen topi'raqta jasawg'a beyimlesedi.

Du'nyada muqaddes na'rseler ko'p yemes. Yen' a'ziz ha'm qa'dirli na'rseler g'ana muqaddes yesaplanadi'. Ana ha'm Watan biz ushi'n muqaddes. Ata-babalari'mi'z «Ana jurti'n' — alti'n besigin'», dep biykarg'a aytpag'an.

1. Watandi' siz qalay tu'sinesiz?
2. Siz ushi'n du'nyadag'i' yen' a'ziz ha'm muqaddes na'rselerdi sanap berin'.
3. Klaslaslari'n'i'z benen awi'lin'i'zdi'n' (qalan'i'zdi'n') tariyxi', u'rp-a'detleri haqqi'nda sa'wbetlesin'. Sizge tuwi'li'p wo'sken jerin'iz ne ushi'n qa'dirli?

# WATAN SAG'I'NI'SHI'



Babami'z Zahriddin Muhammed Baburdi'n' ati' patsha ha'm shayi'r si'pati'nda belgili. A'ndijanda tuwi'li'p wo'sken Babur, jaslayi'nan-aq qunt penen ilim u'yrenedi, kitaplar woqi'ydi', qosi'qlar jazadi'. Ta'g'dir talabi' menen wol Hindistang'a ketiwge ma'jbu'r boldi' ha'm sol jerde qu'diretli ma'mleket du'zdi.

Babur mi'rza patsha bolsa da bul du'nyada a'rman menen jasap wo'tedi. Sebebi wol bir wo'mir ana jurti'nan uzaqta jasadi'.

Watani'nan ali'sta bolg'an Babur ana jurti'nan ju'zim na'lin ha'm qawi'n tuqi'mi'n aldi'ri'p, hind topi'rag'i'na yektirdi. Biraq qawi'n ha'm ju'zim watani' topi'rag'i'nda jetistirilgendey mazali' bolmadi'.

Bir ku'ni Babur mi'rzag'a ana jurti' A'ndijannan qawi'n ali'p keldi. Wol qawi'ndi' iyiskelep, wo'ksip-wo'ksip ji'ladi'.

1. Ne ushi'n Babur mi'rza patsha bolsa da bir wo'mir a'rman menen jasadi'?
2. Babur mi'rza nege qawi'ndi' iyiskelep, toyi'p-toyi'p ji'ladi'?

# WATANDI' SU'YIW DEGENIMIZ NE?

1. Miymang'a bari'w yaki basqa sebep penen birneshe ku'n u'yin'izden uzaqta bolg'ansi'z ba? Sonday waqi'tlarda ne- lerdi sezgensiz?
2. Siz wo'mirin'izdi kimlersiz ko'z aldi'- n'i'zg'a keltire almaysi'z?

Watandi' anag'a ten'eydi. Anani'n' perzentke mehribanli'g'i' sheksiz. Ana bizdi du'nyag'a keltiredi, aq su't beredi, ardaqlap saqlaydi'.

Watan da insanlardi' anaday su'yedi, bawi'ri'nda kamalg'a keltiredi. Watandi' su'yiw — bul tuwi'li'p wo'sken topi'raqqa, ata-babalari'mi'zg'a hu'rmet-izzet. Sonday-aq, ana tilimizdi, milliy qa'diriyatlari'mi'zdi' qa'sterlew boli'p tabi'ladi'. Watang'a qi'yanet yetiw yen' awi'r gu'na'.

A'yyemde uzaq yellerge sayaxatqa shi'qqan insanlar kindik qani' tamg'an topi'raqtan bir qi'si'm ali'p ketken. Wolar ana topi'raq joldas boli'wi'na, qa'wip-qa'terden saqlawi'na isengen. Watandi', jaqi'nlari'n sag'i'ng'anda woni' iyiskelep, ana jurti'na, a'lbette, qayti'wi'na u'mit yetken.

Watandi' su'yiw bul woni' maqtaw yaki ma'zi ga'p penen ta'riyiplew yemes. Ha'rbir insan Watani'na payda keltiriw, woni' qorg'aw arqali' muhabbati'n ko'rsetiwden ibarat. Bizlerdin' Watandi' su'yiwshiligimiz jaqsi' woqi'w, a'dep-ikramli' boli'wdan ibarat. Biz

teren' bilim iyelep, keleshekte O'zbekistanni'n' gu'lleniwine u'les qosi'wi'mi'z kerek.

A'lbette, ja'ha'n — ken', du'nyada ma'mleket ko'p. Biraq, bul a'lemde ta'kirarlanbas ana jurti'mi'z, O'zbekistani'mi'z jalg'i'z. Bul go'zzal jurt, bul muqaddes jer tek bizlerge atalg'an.

## KEPTER GU'RRIN'I

A. Nawayi'ni'n' «Xamsa» shi'g'armasi'nda kepter haqqi'ndag'i' ibratli' gu'rrin'i bar. Wonda ayti'li'wi'nsha a'yyemgi zamanda xat tasi'wshi' bir kepter bar yeken. Bir ku'nleri zali'm patsha woni' tuti'p, qa'peske sali'pti'. Ji'llar wo'tip kepter qa'pesten quti'li'pti' ha'm tuwri' wo'z u'yi ta'repke ushi'pti'. Kepter u'yin uzaq izlepti. Sebebi, ji'llar wo'tip woni'n' u'yi buzi'li'p ketken yeken. Suli'w kepterdi ko'rgen adamlar da'n sewip shaqi'ri'p, woni' ja'ne qaqpang'a tu'sirmekshi boli'pti'. Biraq, kepter wolarg'a itibar bermey, u'yin izlewdi' dawam yetipti. Wol wo'z u'yin tawi'p, quwani'p, wog'an qoni'pti'. Kepter ushi'n alti'n qa'pesten, patshani'n' suli'w sarayi'nan wo'zinin' usi' go'ne u'yi abzal yekenda'!

Du'nyada su'yiwge, ardaqlawg'a arzi'ytug'i'n na'rseler ko'p. Biraq, yen' ulli' muhabbat — bul Watang'a bolg'an muhabbat. Prezidentimiz aytqani'nday, Watani'n su'ygen insan ulli' isler islewge uqi'pli' boladi'.

1. Kepter ne ushi'n ji'llar wo'tse de wo'z u'yin umi'tpadi'?
2. Sizin'she, du'nyada neler su'yiwge, ardaqlawg'a arzi'ydi?

## TUWG'AN JER SEZIMI

Tuwg'an jer sezimi tek insanda g'ana yemes, ha'tte haywanatlarg'a da ta'n qa'siyet.

Bir sharwa qoylarg'a wotlaq jer izlep, yekinshi bir jaylawg'a ko'shpekshi boladi'. Ko'sherinde mallari'n aydap, u'y-da'skelerin mashinag'a tiyeydi. Lekin, usi' jerde tuwi'li'p wo'sken iyti ko'sherde ko'shke yermeydi. Woni' mashinag'a ko'terip saladi'. Biraq, iyt mashina ju'rgennen keyin, u'yden uzaqlap barati'rg'ani'n sezip, mashinadan sekirip tu'sip qaladi'. Iytinen xabar ali'w ushi'n kelse, iyt bosag'ani'n' awzi'nda tumsi'g'i'n jerde berip jati'rg'ani'n ko'redi. Iyesi woni' jaqsi'lap awqatlandi'radi'. Keterinde ja'ne «ku'shim-ku'shim» lep atti'n' izine yertpekshi boladi'. Lekin, iyt sol bosag'ani'n' awzi'nda jati'wi' menen qala beredi.

Tilsiz ja'niwardi'n' tuwg'an jerge degen sezimine kewli yeljiregen sharwa, iyti ushi'n go'ne jurtqa qayti'p ko'ship keledi.

# TEN'I JOQ

**Tursi'nbay Adashbaev**

Sen tuwi'lg'an,
Qutli' xana.

A'ziz diyar,
Pa'k bosag'a.

Suli'w u'lke,
Kesh, Ferg'ana.

A'yyemgi U'rgensh
Bul du'rdana

Ko'rkem Tashkent,
Pal-qanti'm.

Shust, Buxara,
Samarqandi'm.

Ten'i joq,
Birew g'ana.

Sen ha'm mag'an,
Watan — Ana.

Sonday go'zzal
Ulli' jurtti'n',

Topi'rag'i'n
Ko'zge su'rtin'.

1. «Ten'i joq» qosi'g'i'n yadlan'.
2. Qosi'qta ayti'li'p wo'tilgen qalalar haqqi'nda nelerdi bilesiz?

# WATANI'MI'ZDAG'I' TARIYXI'Y YESTELIKLER

Yelimiz a'yyemgi yesteliklerge ju'da' bay. Wolar bizin' bay tariyxi'mi'zdan, ata-babalari'mi'zdi'n' joqari' aqi'lli' ha'm sawatli'li'g'i'nan derek beredi.



Samarqand qalasi'ndag'i' Registan maydani' ha'miyshe sayaxatshi'lar menen toli'. Bul maydanda 3 ko'rkem yestelik — Cherdar, Tillakor ha'm Ulug'bek medreseleri jaylasqan.



Iyshan qala Xiywadag'i' qali'n' diywal menen qorshalg'an ayri'qsha yestelik. Bir waqi'tlari' bul diywallar qala xalqi'n si'rtqi' dushpanlardan qorg'ag'an. Iyshan qala YUNESKOni'n' pu'tkil du'nya yestelikleri qatari'na kirgizilgen. 1997-ji'li' Xiywa qalasi'ni'n' 2500 ji'lli'g'i' mu'na'sibeti menen yestelikler qayta won'landi'.



Minorai Kalon minarasi' — u'lken minara degendi bildiredi. Bul yestelik 1127-ji'li' quri'lg'an. Buxarag'a barg'an adam bul imaratti' ko'rmey ketpeydi.



Imam Buxariy kompleksi Samarqand qalasi'na jaqi'n Xartang awi'li'nda jaylasqan. XVI a'sirde ata-babalari'mi'z ulli' dani'shpanni'n' qa'biri u'stine yestelik wornati'p, bul jerdi zi'yaratlaytug'i'n wori'n-g'a aylandi'rg'an. 1998-ji'li' Prezidentimiz baslamasi' menen Imam Buxariy kompleksi qayta tiklendi.



Paytaxti'mi'z worayi'ndag'i' Ha'zireti Imam kompleksi 2007-ji'li' qayta tiklendi ha'm won'landi'. Kompleks mavzoley, meshit ha'm medreselerden turadi'. Woni' zi'yarat yetiw ushi'n yelimizdin' tu'rli jerlerinen ha'm shet yellerden miymanlar keledi.

Babalari'mi'zdan miyras bolg'an tariyxi'y yesteliklerdi saqlaw ha'm keleshek a'wladqa jetkiziw ha'rbirimizdin' minnetli wazi'ypami'z.

G'a'rezsizlik ji'llari'nda yelimizde sawlatli' imaratlar quri'ldi'. Bul imaratlar da keleshekte tariyxi'y yestelikler si'pati'nda qa'dirlenedi.

1. Yelimizdegi qaysi' tariyxi'y yestelikler haqqi'nda mag'luwmatqa iyesiz?
2. Siz de tariyxi'y yesteliklerdi zi'yarat qi'l-g'ansi'z ba?
3. G'a'rezsizlik ji'llari'nda quri'lg'an ko'rkem imaratlar haqqi'nda neler bilesiz?
4. Tariyxi'y yesteliklerdi qa'sterlep saqlaw ne ushi'n za'ru'r?

## A'YYEMGI U'LKEN SHIRKEW HA'M ASTRONOMIYALI'Q WORAY

Qoyqi'ri'lg'an qala Qaraqalpaqstan Respublikasi' To'rtku'l rayoni'nda jaylasqan. Qala aldi'n ala arxitektorlar ta'repinen tayarlang'an joybar tiykari'nda quri'lg'an. Wol birinin' ishinen biri wornalasqan geometriyali'q shen'ber tu'rindegi yeki qorg'annan ibarat. Qalada ju'rgizilgen arxeologiyali'q izertlewler (1951 — 1957-jj) da'slep minarg'a uqsas yeki qabatli' Worayli'q u'lken shirkewdin' tiklengenligin ani'qladi'. Woni'n' diametri 44,4, ba'lentliligi 9,5 m. Qali'n' diywallar (7 m) menen qorshalg'an u'lken shirkew ishinde atanaq tu'rinde jaylasqan alti' wo'jire bar. Wolarda patshalardi'n' wo'rtelgen su'yeklerinin' ku'li sali'ng'an ossuariyler saqlang'an ha'm wog'an tabi'ni'wg'a baylani'sli' (diniy zoroastrizm) ha'r qi'yli' ma'resimler wo'tkerilgen.





Qoyqi'ri'lg'an qala sali'ng'an da'wirden mi'n' ji'ldan aslami'raq keyin jasag'an al Beruniy ta'-repinen ta'riyiplengen astronomiyali'q a'sbap — astrolobiya[1] Qoyqi'ri'lg'an qaladan tabi'ldi'. Aral boyi' xali'qlari'nda kalendar ha'm astronomiya tu'siniklerinin' yerteden qa'liplesiwi ha'm woni'n' islamg'a shekemgi arablarg'a qarag'anda joqari' rawajlani'wi'ni'n' sebebi Siyavushti'n' Xorezmge keliwi da'wirinen (b.e. sh. 1200-j) baslang'anli'g'i' menen baylani'sti'ri'ladi' (Beruniy).

Qalani'n' negizinde jati'rg'an shen'ber ha'm atanaq woni'n' sali'ni'wi'nda massaget ko'shpeli qa'wimlerinin' ta'sirinin' ku'shli yekenliginen derek beredi (Tolstoy).

[1]Astrolobiya — a'sbapti'n' ati'.

## Temag'a baylani'sli' testler

**1. Qaysi' qatardag'i' juwaplarda tariyxi'y yestelikler duri's ko'rsetilgen?**

A) Awi'l ha'm qalalar;
B) Mektep ha'm liceyler;
S) A'yyemgi imarat ha'm quri'li'slar;
D) Da'rya ha'm kanallar.

**2. Registan maydani' qaysi' qalada jay-lasqan?**

A) Buxarada;
B) Samarqandta;
S) Xiywada;
D) Tashkentte.

**3. Samarqand jani'ndag'i' Xartang awi'li'nda kimnin' yesteligi jaylasqan?**

A) Bahawiddin Naqshbandiy;
B) Imam Termiziy;
S) Alisher Nawayi';
D) Imam Buxariy.

**4. Kalon minarasi' — qanday ma'nisti bil-diredi ha'm wol qaysi' qalada jaylasqan?**

A) U'lken minara — Buxarada;
B) Biyik minara — Xiywada;
S) A'yyemgi minara — Samarqandta;
D) Kishi minara — Shahrisabzda.

# TA’KIRARLAW

## WATANI’N’ SENIN’ JALG’I’Z

Insan ushi’n hawa, quyash, suw, nan, ata-ana qanshelli a’ziz ha’m muqaddes bolsa, Watan da sonshelli qi’mbatli’. Watan ana topi’raqtan baslanadi’...

Yadi’n’i’zda bolsi’n, Watan muhabbati’ ata-anag’a, ag’a-inige, apa-sin’lige, doslarg’a bolg’an mehir menen qosi’li’p ketedi. Tek insanlar yemes, ha’tte quslar da wo’z yelin sag’i’nadi’. Puta terekler de wo’z yelin qumsaydi’. Ayti’wlarg’a qarag’anda, Amerikada 1000 ji’l wo’mir ko’retug’i’n terek bar yeken. Francuzlar wog’an ha’wes yetip wo’z yeline ali’p kelip yegipti. Na’ller wo’sip, ko’kke boy sozi’pti’... Ji’llar wo’tip bag’ tog’ayg’a aylani’pti’. Biraq, aradan 30 — 40 ji’l wo’tkennen son’ ku’tilmegen waqi’ya ju’z beripti: suw iship jasnap turg’an terekler wo’z-wo’zinen quwrap qali’pti’. Ali’mlar bul jag’daydi’n’ sebebin izley baslapti’. Woni’ ani’qlag’annan son’ hayran qali’pti. Bul terekler quwrag’an waqi’tta Amerika materiginde qatti’ qurg’aqshi’li’q bolg’an yeken. Wol jerdegi usi’ sorttag’i’ terekler de soli’p qalg’an yeken. Sonda ali’mlar bir-birinen bir qansha uzaqtag’i’ tereklerdi birlestiriwshi qanday da bir ku’sh, qanday da bir si’r bar yeken degen juwmaqqa kelgen. Ko’rdin’izbe, aqi’li’mi’z jetiwi qi’yi’n bul si’rli’ baylani’s Watan tuyg’i’si’ menen

g'ana da'lilleniwi mu'mkin. Terek g'oy terek. Alla taala til-zi'ban, sana-sezim bergen insan ushi'n Watannan arti'q miyirman bar ma?! Joq, a'lbette!

Watan — ana kibi jalg'i'z. Jalg'i'zli'g'i' menen muqaddes ha'm qa'dirli, jalg'i'zli'g'i' menen ten'i joq biybaha!

**Xurshid Davron**

1. Watang'a muhabbat yen' da'slep neden baslanadi'?
2. Insan wo'zge yelde wo'zin toli'q baxi'tli' seziwi mu'mkin be?
3. Sizin'she, Watan ne ushi'n qa'dirli ha'm muqaddes?

**Basqati'rmani' sheshin'**

| | | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| 1 | G | | | | | | | |
| 2 | U' | | | | | | | |
| 3 | L | | | | | | | |
| 4 | I | | | | | | | |
| 5 | S | | | | | | | |
| 6 | T | | | | | | | |
| 7 | A | | | | | | | |
| 8 | N | | | | | | | |

1. Wo'simlik.
2. Gewek jay.
3. Awqat.
4. Ushi'wshi ja'nlik.
5. Sho'l wo'simligi.
6. Qala.
7. Miywe.
8. Na'wshe.

# II BO'LIM. INSAN GO'ZZALLI'G'I' — A'DEP-IKRAMLI'LI'G'I' MENEN

## KEKSELERDI QA'DIRLEYIK

1. Sizin' shan'arag'i'n'i'zda da kekse insanlar bar ma? Wolarg'a qanday mu'na'sibette bolasi'z?
2. Atan'i'z yaki apan'i'zdi'n' qaysi' na'siyati'n mudami' yadta tutasi'z? U'lkenlerdin' so'zlerine qulaq salmag'ani'n'i'zg'a pushayman bolg'ani'n'i'zdi' yesleysiz be?

Kekse insanlar bar u'y perishteli boladi'. Atalari'mi'zdi'n' ha'm apalari'mi'zdi'n' pa'tiyasi' aqi'l-na'siyatlari' bizge paydali'. Wolar turmi's ta'jiriybelerin u'yretedi, yertekler ayti'p beredi.

Yelimizde kekse jastag'i' insanlarg'a hu'rmet ko'rsetiledi. Wolarg'a g'amxorli'q yetiledi, hal-jag'dayi'nan xabar ali'nadi'.

Prezidentimizdin' baslamasi' menen 2002-ji'l «Qariyalardi' qa'dirlew ji'li'», 2015-ji'li' «Qariyalardi' qa'dirlew ji'li'» dep ataldi'.

U'lkenlerge hu'rmet, kishilerge izzet ko'rsetiw xalqi'mi'zg'a ta'n qa'diriyatlardan. Kekselerge sa'lem beriw, so'zlerine qulaq sali'w, na'siyatlari'na a'mel yetiw kerek.

# KEKSELERDIN’ DUWASI’

Na’dir bos waqti’n atasi’ ha’m apasi’ menen wo’tkeriwdi jaqsi’ ko’redi. Sebebi, wolar menen waqi’tti’n’ qalay wo’tkenin sezbey qaladi’. Wolar bag’da terek ha’m gu’llerdi birge suwg’aradi’. Atasi’ haywanatlar haqqi’nda qi’zi’qli’ waqi’yalardi’ ayti’p beredi. Apasi’ni’n’ naqi’llari’n, qosi’q ha’m yerteklerin i’qlaslani’p ti’n’laydi’.



Ku’nlerdin’ birinde Na’dir dosti’ Zakir menen mektepten qayti’p kiyati’ri’p, u’lken sumkani’ zorg’a ko’terip barati’rg’an bir kempirdi ko’rip qaldi’.

— Zakir, kel, kempirge ja’rdem bereyik, — dedi Na’dir.

— Yaq, men tezirek u’yge bari’p, sabaq tayarlamaqshi’man, — dedi Zakir.

— Meyli, keteber. Men ja’rdem beremen, — dedi Na’dir.

Atasi’ ha’m apasi’ Na’dirden nege kesh qalg’ani’n sorasti’rdi’. Aqli’g’i’ni’n’ juwabi’n yesitkennen keyin:

— Ba’rekella’, balam. Kekselerdin’ duwasi’n alsan’, hesh kem bolmaysan’. Sebebi, «Alti’n alma, alg’i’s al» degen, — dedi atasi’ woni’n’ iyninen qag’i’p.

1. Zakirdin’ qi’lg’an ha’reketin qalay bahalaysi’z?
2. Sizin’she biytani’s kekselerge ja’rdem beriw sha’rt pe?

To'mendegi qag'i'ydalardi' yeslep qali'n' ha'm dizimdi da'pterin'izde dawam yettiriwge ha'reket yetin':

1) wo'zinen u'lkenlerge birinshi boli'p sa'lem beriw;
2) kekse insanlardi'n' aldi'nda ba'lent dawi'sta so'ylemew, jo'nsiz ku'lmew;
3) ja'miyetlik wori'nlarda ya'ki transportta kekselerge wori'n beriw;
4) kekse insanni'n' qo'li'nda ju'k yamasa qanday da bir jumi'si' bolsa ja'rdemlesiw;
5) na'siyat qi'lsa so'zlerine qulaq sali'w...

Ata-anan'i'z benen kekselerge qanday mu'na'sibette boli'w kerekligi haqqi'nda sa'wbetlesin'. «Qariyasi' bar u'ydin' perishtesi bar», degen naqi'ldi'n' mazmuni'n sorap ali'n'.

## ADAMGERSHILIK HAQQI'NDA

Balam ata-anag'a,
Heshqashan ga'p keltirme!
Mereke-toyxanada
Qi'si'ndi'ri'p wo'ltirme!

Jaqsi' bolsan' jurt seni,
Mingizedi to'bege.
Jaman bolsan' jurt seni,
Salar «ji'rti'q kemege».

G’amxorli’q qi’l basqag’a,
Sira’ jerde qalmaydi’.
Alg’i’si’n al taslama.
Sharshap qoli’n’ talmaydi’.

Heshkim menen uri’spa,
Ashi’w-i’zan’ kem bolsi’n.
Bu’rispe ha’m ti’ri’spa,
Kewil-peylin’ ken’ bolsi’n.

**Xalmurat Saparov**

## BALA HUQUQLARI’. «BALA HUQUQLARI’NI’N’ KEPILLIKLERI HAQQI’NDA»G’I’ NI’ZAM TUWRALI’

O’zbekistanda ha’rbir balani’n’ salamat wo’siwi ha’m yer jetiwine ma’mleket g’amxorli’q qi’ladi’. Ma’mleketimizdin’ bas ni’zami’ — Konstituciyada bizlerdin’ huquq ha’m yerkinliklerimiz ta’miyinlengen. Soni’n’ menen birge, 2008-ji’li’ 8-yanvarda «Bala huquqlari’ni’n’ kepillikleri haqqi’nda»g’i’ Ni’zam da qabi’l yetildi. Bul ni’zam balalardi’ ha’r ta’repleme qo’rg’aydi’.

Ni’zamda balalardi’n’ wo’z ata-anasi’ qushag’i’nda yer jetiwi atap wo’tilgen. Al, ata-anasi’z balalarg’a ma’mleket g’amxorli’q yetedi.





Ha'rbir bala biypul bilim ali'wg'a huquqli'. Ha'rbir bala dem ali'w, bos waqti'n mazmunli' wo'tkeriw huquqi'na iye. Yelimizde balalardi'n' baxi'tli' jasawi', wo'sip yer jetiwi ushi'n barli'q sharayatlar jarati'lg'an.

Prezidentimizdin' «Ana jurti'mi'z baxi't ig'bali' ha'm ulli' keleshegi joli'nda xi'zmet yetiw — yen' ulli' ma'rtebe» atli' kitabi'nda balalardi'n' salamat boli'p yer jetiwi haqqi'nda qi'mbatli' pikirler bildirilgen.

Ni'zamda balalardi'n' to'mendegi huquqlari'na kepillik berilgen:

- Ha'rbir bala jasaw huquqi'na iye.
- Balani'n' familiya, ati', a'kesinin' ati'n ali'w, milleti ha'm puqarali'qqa iye boli'w huquqi'na iye.
- Ma'mleket balani'n' salamat tuwi'li'wi' ha'm ha'r ta'repleme rawajlani'wi' ushi'n sharayat jaratadi'.
- Ha'rbir bala wo'z pikirin yerkin ayti'w huquqi'na iye.
- Ma'mleket balalardi'n' biypul medicinali'q ja'rdem ali'wi'n ta'miyinleydi.

Ha'rbir bala wo'zinin' jasi', salamatli'g'i' ha'm de talaplari'na sa'ykes keletug'i'n dem ali'w ha'm bos waqi'tqa bolg'an huquqqa iye.

**21-statya**

Ata-anan'i'z, ajag'a-ajapalari'n'i'z ja'rdeminde «Baxi'tli' balali'g'i'm» temasi'nda tekst du'zin'.

## MUQADDES KITAPLARDA BALALAR A'DEBI



Ha'disler Islam dininde Qurannan keyingi muqaddes derek yesaplanadi'.

Ha'disler insandi' tuwri' jolg'a baslawshi', jaqsi' islerge iytermelewshi, ag'arti'wshi'li'q derek. Jamanli'q, qi'zg'anshaqli'q, zuli'm ha'm qi'yanet kibi illetler qaralanadi'.

**Pazi'ylet** — insandag'i' jaqsi' a'detler. Pazi'yletlerimiz qanshama ko'p bolsa, sonshama jaqsi';

**illet** — insanni'n' minez-qulqi'ndag'i' jaman belgiler. Wolardi' joq yetpey turi'p jaqsi' at ala almaysan'.

Muqaddes kitaplarda balalardi'n' a'debi ha'm ta'rbiyasi'na baylani'sli ju'da' ko'p pikirler beriliwi menen birge, bilim ali'w pari'z yekenligi keltirilgen.

Yelimizden du'nyag'a belgili bolg'an wozi'q woy iyeleri jetilisip shi'qqan. Imam Buxariy, Imam Termiziy, Imam Moturidiy si'yaqli' babalari'mi'z ha'dislerdi toplap, u'git na'siyat yetken.

## Ha'dislerden u'lgiler

Adamlar arasi'nda wo'sek ha'm wo'tirik ga'plerdi tarqati'wshi'lardan saqlani'n'lar.

* * *

Haqi'yqatli'qta qa'wip-qa'ter bolsa da tek haqi'yqatli'qti' ayti'n'. Sonda g'ana bereket tabasi'z.

Payda ko'rsen'iz de jalg'annan saqlani'n'. Sebebi, jalg'anni'n' son'i' wayran.

Adamdag'i' yen' jaman illet — wog'ada si'qmarli'q ha'm qorqaqli'q.

* * *

Yeki adamg'a Tan'irim qi'yamet ku'ni rahmet na'zerinde qaramaydi':

1. Tuwi'sqanlari'nan uzaqlap ketken adamg'a.
2. Jaman qon'si'g'a.

1. Joqari'dag'i' ha'dislerden qaysi' biri sizge ko'birek ta'sir yetti? Ne ushi'n?
2. A'dep-ikramli'li'qqa baylani'sli' ha'dislerdi toplan'.

Tapsi'rmani' wori'nlan'. Ha'dislerde ayti'lg'an to'mendegi pazi'yletlerdi ha'm illetlerdi yeki qatarg'a bo'lip jazi'n':

Mehir-aqi'bet, jalg'an so'ylew, rasgo'ylik, giyne tuti'w, haqi'yqatli'q, si'qmarli'q, saqi'yli'q, pa'klik, a'dilsizlik qi'yanet, insap, zuli'm, maqtanshaqli'q...

Usi' qatarlardi' mazmuni' boyi'nsha dawam yettiriwge ha'reket yetip ko'rin'.

# DANALAR A'DEP-IKRAMLI'LI'Q, DOSLI'Q HAQQI'NDA

1. Sizin' doslari'n'i'z ko'p be?
2. Yen' jaqi'n do'sti'n'i'z kim? Wondag'i' qaysi' pazi'yletler sizge unaydi'?
3. Sizdi jaqsi' dos dep yesaplawi'n qa'leysiz be? Buni'n' ushi'n ne islewin'iz kerek?

## A'DEPTI A'DEPSIZDEN U'YRENDIM

Luqmani' ha'kimnen soradi':

— A'depti kimnen u'yrendin'?

— A'depsizden, juwap berdi wol.

— Haw, qalayi'nsha? — hayran qaldi'.

— A'depsizdin' qaysi' isi ko'zime jaman ko'rinse, sol islerdi islemedim.

**«Shi'g'i's ra'wiyatlari'»nan**

1. «A'depti a'depsizden u'yren» degen naqi'ldi' qalay tu'sinesiz? Sizin'she a'depti kimnen u'yreniw kerek?
2. Sizde birewdin' wori'nsi'z ha'reketine qarsi'li'q woyang'an ba? Wonnan qanday juwmaq shi'g'arg'ansi'z?

Ata-babalari'mi'z a'yyemnen insanlardi' a'dep-ikramli' boli'wg'a shaqi'rg'an. Sebebi, insan a'dep-ikramli'li'g'i' menen go'zzal.

Saqi'pqi'ran A'mir Temur bi'lay degen: «Ashi'q ju'zlilik, miyrim-sha'pa'a'tlilik penen xali'qti' wo'zime qaratti'm. A'dillik penen is ju'ritip, zuli'mli'qtan uzaqta boli'wg'a umti'ldi'm».

Al, a'yyemde bir dani'shpan perzentine bi'lay na'siyat yetken yeken:

— Hey perzent, wo'mirde jen'iske yerisiw ushi'n to'mendegi na'siyatlari'ma a'mel qi'l:

• Hadal bol, miynetti su'y. Hadal miynet qi'lg'an adam yeki du'nyada da kem bolmaydi'.

• Jalqawli'qtan uzaqlas, g'ayrat jigerlilikti uran qi'l. Mudami' ha'rekette bol, aldi'g'a umti'l.

• Abayli' bol. Barli'q iste ta'rtip-intizamg'a a'mel qi'l.

• Sag'an tapsi'ri'lg'an wazi'ypani' mu'ltiksiz wori'nla.

• Pa'k kewilli, ashi'q minez, hu'jdanli' ha'm tuwri' so'zli bol.

• Sabi'rli', ha'mmege mehriban ha'm g'amxor bol.

• Kiyiniwde, ju'ris-turi'sta a'piwayi' ha'm ta'biyiy joldi' tut. Menmenlikke berilme.

## KIM MENEN DOS BOLI'W KEREK?

Danalardi'n' ayti'wi'na qarag'anda, u'sh topar adamlar menen dos boli'w mu'mkin:

1. Ilimli adamlar menen. Sebebi wolar wo'z wo'mirin ilim ha'm a'dep penen wo'tkeredi.

2. Adamgershilikli adamlar menen. Wolar dos-lari'ni'n' ayi'bi'n jasi'radi' ha'm hesh qashan a'shkara

qi'lmaydi'. Jalg'i'z qalg'anda dosti'ni'n' ayi'bi'n wo'zine ayti'p, du'zetiwge ja'rdem beredi.

3. Biyg'a'rez ha'm ma'rt adamlar menen. Wolardi'n' dosli'qlari' haqi'yqi'y boladi'. Dosli'qtan payda ko'riwdi woylamaydi'.

**«Shi'g'i's ra'wiyatlari'»nan**

1. Sizin'she, insan dosti'ni'n' ayi'bi'n jasi'ri'wi' kerek pe? Siz dosti'n'i'zdi'n' ayi'bi'n wo'zine ayti'p, woni' du'zetiwge ja'rdem bere alasi'z ba?
2. «Qazang'a jaqi'n ju'rsen' qarasi' jug'adi'» degen maqaldi' qalay tu'sinesiz?

**Shi'n dos sol, dosti'nan hesh qashan renjimeydi, yeger renjise de, keshirimin qabi'l yetedi.**

A'mir Temur

**Jan'a dos tapsan', yeski doslari'n'di' umi'tpa ha'm wolardan ju'z burma. Doslari'n' ko'p bolsi'n. Jaqsi' doslar adamni'n' bayli'g'i'.**

Kaykovus

**Nadan dosti' dosqa sanama. Sebebi, wol nadanli'g'i' sebepli, sag'an zi'yan tiygizedi.**

Alisher Nawayi'

Dosli'q haqqi'nda qosi'q, naqi'l yaki yertekterden u'lgiler toplan' ha'm da'pterin'izge jazi'n'.

## SAQI’YLI’Q HA’M SI’QMARLI’Q. SAWG’A BERIW HA’M SAWG’A ALI’W A’DEBI

Ta’n’irim saqi’y, saqi’ylardi’ dos tutadi’. A’depli insanlardi’ unatadi’, a’depsizlerdi jaqti’rmaydi’.

Saqi’y adam wo’zindegi bar na’rseni basqalar menen birge bo’lisedi. Saqi’y insan qanday da bir na’rsege yaki ko’mekke mu’ta’j bolg’an insang’a a’lbette ja’rdem beredi. Saqi’y ba’rshege birdey jaqsi’li’q qi’ladi’, biraq buni’n’ worni’na hesh na’rse ku’tpeydi.

Si’qmarli’q — birewge hesh na’rse bermew ha’m basqalardi’n’ jetiskenligin ko’re almaw. Xalqi’mi’zda «Si’qmardi’n’ bag’i’ ko’germes» degen naqi’l bar. Si’qmar adam qansha shirenbesin, isinde wo’nim, shan’arag’i’nda bereket bolmaydi’. Si’qmarli’qti’ a’det qi’lg’an insan basqalarg’a qi’lg’an jamanli’g’i’ ushi’n a’lbette jaza aladi’.

1. A’tirapi’n’i’zdag’i’ insanlardan kimdi saqi’y dep ayta alasi’z? Wonnan wo’rnek ali’wg’a ha’reket qi’lasi’z ba?

### GU’LSARA NEGE UYALI’P QALDI’?

Miynet sabag’i’nda woqi’ti’wshi’ O’zbekistan bayrag’i’n sog’i’wdi’ aytti’. Kamal azanda asi’qqani’nan jelim ha’m ren’li qag’azlari’n umi’ti’p qaldi’rg’an yedi. Soni’n’ ushi’n wol:

— Gu'lsara, ren'li qag'az ha'm jelimin'nen paydalani'p tursam bola ma? – dep soradi'.

— Wo'zimde az qalg'an yedi, — dep juwap berdi Gu'lsara.

Buni' ko'rgen Nadira:

— Kamal, menin' na'rselerimnen paydalani'wi'n' mu'mkin, — dedi.

Yerten'gi ku'ni su'wret sabag'i'nda Gu'lsara boyawlari'n ali'p keliwdi umi'ti'pti'. Wol keshegi isi ushi'n doslari'nan boyaw sorawg'a uyali'p, soray almadi'. Buni' sezgen Kamal:

— Gu'lsara, kel birge su'wret salami'z. Sag'an qaysi' ren'degi boyaw kerek? — dedi.

Gu'lsara wo'zinin' qi'lmi'si'nan uyaldi'.

1. Gu'lsara nege uyali'p qalg'ani' haqqi'nda pikir ju'ritin'.
2. Insan doslari'ni'n' aldi'nda uyali'p qalmawi' ushi'n qanday jol tuti'wi' kerek?

Sawg'a beriw arqali' jaqi'nlari'mi'zg'a ha'm doslari'mi'zg'a qanshelli itibarli' yekenimizdi ko'rsetemiz. Sawg'a keypiyatti' ko'teredi, insanlardi'n' bir-birine bolg'an mehrin asi'radi'.

1. Insang'a qanday ku'nlerde sawg'a beriledi? Son'g'i' ret kimge ne ushi'n sawg'a berdin'iz?
2. Tuwi'lg'an ku'nin'izde yaki bayramlarda qanday sawg'a ali'wdi' qa'leysiz?

Azimani'n' tuwi'lg'an ku'nine miymanlar keldi. Wog'an kitap, woyi'nshi'qlar sawg'a yetti. Al, Azima qol telefon sawg'a yetiwin qa'lep yedi. Wol qabag'i'n u'yip, «Mag'an sawg'alar unamadi'» dedi.

1. Sizin'she Azima duri's is qi'ldi' ma?
2. Sizge berilgen sawg'alar jaqpasa, buni' a'tirapi'n'i'zdag'i'larg'a bildiresiz be?

To'mendegi tapsi'rmani' da'pterin'izge ko'shirin' ha'm tolti'ri'n':

**Kimge qanday sawg'a tan'layman?**

Atama____________
Apama____________
A'keme____________
Anama____________
U'keme (a'jag'am)a_____
Sin'lime (apam)a_______
Dosti'ma________________
Ustazi'ma________________

Sawg'a berilgende a'lbette raxmet ayti'w kerek. Sawg'a jaqpasa, sawg'a bergen adamg'a yaki basqalarg'a bildiriw a'depten yemes.

Sawg'a tan'law an'sat yemes. Sawg'a kimge beriliwin yadta tuti'w kerek. Insanni'n' jasi'na, talg'ami'na, qi'zi'g'i'wi'na sa'ykes sawg'a tan'lani'wi' kerek.

Sawg'ani'n' u'lken-kishiligi bolmaydi'. Yen' a'hmiyetlisi itibar. Wo'z qoli'mi'z benen jasag'an sawg'ami'z da jaqi'nlari'mi'zdi' quwantadi'.

## TA'KIRARLAW

### JANLI' HA'YKEL

Biz — ag'ali'-inili' — Hasan-Zuhralar tuwi'lg'an ku'nimizde doslari'mi'zdi' ku'tip ati'r yedik. Wolar izbe-iz ayti'lg'an waqi'tta kelip, stullarg'a woti'rdi'.

— Qutli'qlaymi'z, Hasan, tuwi'lg'an ku'nin' menen, — dep A'bdirahman mag'an bir quti' qa'lem berdi, al u'kem Zuhrag'a qi'p-qi'zi'l lala berdi.

Mehriban da'pter, kitap sawg'a yetti. Baxtiyar shokolad, al Tayi'r suli'w ko'rinis su'wretlengen kartina ali'p kelipti.

Al, ha'mmeden keyin kelgen Murat tuwi'lg'an ku'nimizge bir tu'p yerik na'lin ali'p keldi.

— Haw, — dep jiberdi u'kem Zuhra.

— Na'ldi ne qi'laman? — dep jiberippen men de.

Murat ta qali'spay:

— Ati'zi'n'a yegip qoyami'z, — dedi. — Jaqsi' yerik yeken, ag'am berdi. Wo'zi wo'sirgen.

Na'ldi qa'len'kiremey woni'n' qoli'nan aldi'm, bir shetke qoyajaq yedim, Murat ja'ne:

— Yaq, ha'zir yegemiz, dep woni' qoli'mnan aldi' da, anamnan qayerge yegiwdi ani'qlap, jer qaza basladi'. Na'ldi wo'zi yegip, wo'zi suw quydi'.

Aradan biraz waqi't wo'tkennen keyin, Murattan basqa doslari'm bergen sawg'alar tawsi'li'p, ayri'mlari' si'ni'p, yesten shi'g'i'p ketti. Biraq, Muratti'n' sawg'asi' — wol woti'rg'i'zg'an yerik na'li ha'wij ali'p wo'sti. Menin'she, yerik bi'yi'l wo'nim beredi. Yerik

pisse, a'lbette, Muratti' ha'm doslari'mdi' ja'ne shaqi'ri'p miyman qi'laman. Murattan sol gezde biykarg'a renjippiz. Wol ati'zi'mi'zg'a janli' ha'ykel wornatqan yeken. Woni'n' sawg'asi' umi'ti'lmas boli'p qaldi'.

**Sabit G'afurov**

1. Hasan da'slep Murat ali'p kelgen sawg'ag'a qanday mu'na'sibette boldi'?
2. Ku'tilmegen sawg'a beriw yaki ali'w insang'a qanday ta'sir ko'rsetedi? Sizler bug'an tayarsi'z ba?

**Basqati'rmani' sheshin'**




1. Wo'mirimizdin' biyg'am ma'ha'li.
2. Insanlar wortasi'ndag'i' qa'dirdanli'q.
3. Dani'shpanli'q ma'ha'li.
4. Ti'ni'shli'q.
5. Qoli' ashi'qli'q.

# MIYNET INSAN WO'MIRIN BEZEYDI

**Maqallardi' woqi'n' ha'm mazmuni'na di'qqat yetin'**

Da'rya suwi'n ba'ha'r tasti'rar,
Adam qa'dirin miynet asi'rar.

***

Hadal miynet — jaqsi' a'det,
A'keler sag'an jaqsi'li'q.

***

Terek japi'rag'i' menen ko'rkem,
Adam miyneti menen.

***

Bir adam jap qazadi',
Mi'n' adam suw ishedi.

***

Az so'ylep,
ko'p miynet yet.

Miynet insan wo'mirin bezeydi. Bizler paydalani'p ati'rg'an buyi'mlar, kiyimler, jep ati'rg'an tag'amlar — ba'rshesi birewdin' miyneti sebepli ju'zege keledi.

Insanni'n' qoli' — gu'l. Wol qa'lese tastan gu'l wo'siriwi, a'piwayi' i'laydan suli'w buyi'mlar jasawi' mu'mkin.

Jalqawli’q — jaman illet. Jalqaw insan hesh qashan maqsetine yerise almaydi’.

## TASTI’ KESKEN ARQAN



Ulli’ ta’wip Abu Ali ibn Sina balali’g’i’nda matematikani’ wonsha jaqti’rmag’an yeken. Sebebi, wol bul pa’ndi ju’da’ qi’yi’n dep yesaplaydi’ yeken.

Bir ku’ni ibn Sina dalanli’qta ketip barati’ri’p qudi’qqa dus kelipti. Sho’lin qandi’ri’w ushi’n qudi’qqa shelek taslapti’. Suwdi’ tarti’p ali’p ati’ri’p, qudi’q awzi’ndag’i’ mramorli’ yernegine itibar beripti. Mramorli’ yernegi shelekke baylang’an arqanni’n’ si’rg’ali’wi’nan jemirilip ketken yeken.

— Arqan jumsaq bolsa, qalay bekkem mramor tasti’ kesiwi mu’mkin? Demek, qanday qi’yi’n bolsa da bir jumi’sti’ islew ushi’n g’ayrat-jigerlilik, sabi’rli’li’q penen ti’ni’msi’z miynet yetiw kerek yeken da’! Men matematikani’ tu’sinbeymen, yeger ha’reket qi’lsam, a’lbette u’yrenip aladi’ yekenmen, — dep woylapti’ wol.

Solay yetip, dani’shpan matematikani’ toli’g’i’ menen wo’zlestiripti.

Ibn Sina qi’yi’n jumi’sqa dus kelgende, mramordi’ kesken arqandi’ yeske aladi’ yeken.

1. Sizin'she, ibn Sinani'n' du'nyag'a belgili ali'm boli'wi'ni'n' si'ri' nede?
2. Qi'yi'n isti bul menin' qoli'mnan kelmeydi dep taslap qoyi'w duri's pa?



## MIYNET QOSI'G'I'

**Zafar Diyor**

Su'yi'n'ler, dep miynetti,
Atam bizge u'yretti,
Na'ller yegip, ati'zg'a,
Gu'llentemiz u'y betti.

Jas na'lsheler ko'gerip,
Bag' boladi' wol yerten',
Awi'li'mi'z ko'rkeyer,
Baw-baqshag'a bo'lengen.

«Miynet qosi'g'i'» taqmag'i'n yadlan'.

# KA’SIPLER A’LEMI

1. Ata-anan’i’z qaysi’ ka’sipte miynet yetedi?
2. U’lken bolg’ani’n’i’zda kim bolmaqshi’si’z?

**To’mendegi pikirlerge sa’ykes juwaplardi’ su’wretlerden tabi’n’ ha’m da’pterin’izge jazi’n’:**

1. Balalarg’a ta’lim-ta’rbiya beredi...
2. Insanlardi’ yemleydi...
3. Suli’w imaratlar quradi’...
4. Mazali’ awqatlar pisiredi...
5. Suli’w kiyimler tigedi...
6. Adamlardi’n’ uzag’i’n jaqi’n qi’ladi’...
7. Watandi’ qorg’aydi’...
8. Tu’rli-tu’rli wo’nimler jetistiredi...



## AG’ALI’-INILI SINDOROVLAR — JA’HA’N CHEMPIONLARI’

Shaxmat aqi’ldi’ rawajlandi’radi’. Bilimdi asi’ri’p, tuwri’ qararlar qabi’l yetiwge u’yretedi. Insan ushi’n sportti’n’ bul tu’ri u’lken a’hmiyetke iye.

O’zbekistanli’ ag’ali’-inili shaxmatshi’lar Javohir ha’m Islambek Sindorovlar xali’qarali’q jari’slarda jen’impaz boli’p, yelimiz dan’qi’n tani’tti’. Wol du’nyani’n’ yen’ ku’shli sportshi’lari’n jen’iliske ushi’ratti’. Javohir ha’m Islambek bizin’ jaslari’mi’z ha’r tarawda alda yekenligin ja’ne bir ma’rtebe da’lilledi.

Yelimizde jaslarg’a wo’z uqi’bi’n ko’rsetiwleri ushi’n ha’mme mu’mkinshilikler jarati’lg’an.



Bu'gingi ku'nde bizin' jaslari'mi'z sport, muzi'ka, ko'rkem wo'ner, ilim-bilimnin' tu'rli tarawlari'nda u'lken jen'islerdi qolg'a kirgizbekte.

Talant ha'rbir insanda boladi'. Woni' ju'zege shi'g'ari'w ushi'n ti'ni'msi'z miynet, qunt ha'm shi'dam talap yetiledi. Aldi'na ani'q maqset qoyi'p, shi'nti' menen umti'lg'an adam a'lbette wog'an yerisedi.

1. Ag'ali'-inili Sindorovlardi'n' jen'isi sizde qanday ta'sir qaldi'rdi'?
2. Wolardi'n' bunday u'lken jetiskenliklerge yerisiwinin' sebebi nede?
3. Doslari'n'i'z arasi'nda u'lken jetisken-liklerge yeriskenleri bar ma? Wolar haqqi'nda ayti'p berin'.

## TRENER

Sonsha miynet yetkeni,
Man'laydan ter to'kkeni,
Miynet bosqa ketpedi,
Shadlanadi' trener.

Seyislengen zor attay,
Qusqa pitken qanattay.
Sha'kirtlerin polattay,
Shi'ni'qti'rar trener.

Pisirip qam denesin,
Du'zetedi qa'tesin,
Saqlap sport qa'desin,
U'yretedi trener.

Tan' jadi'rap atqanday,
Suwdan bali'q tutqanday,
Bolar wo'zi utqanday,
Sha'kirti jen'se trener.

Xalmurat Saparov

Ko'z aldi'n'i'zg'a keltirin', Siz jurnalistsiz. Ata-anan'i'z benen ka'sip tan'law tema-si'nda sa'wbetlesin'. Wolardan to'mendegi sorawlarg'a juwap ali'n' ha'm da'pterin'izge jazi'n':

1. Ne sebepten usi' ka'sipti tan'lag'ansi'z?
2. Bul ka'sipti iyelew ushi'n qansha waqi't ha'm miynet talap yetiledi?
3. Ka'sibin'izdin' jaqsi' ha'm jaman ta'rep-lerin ayti'n'.

# AZADALI'Q — INSAN KO'RKI

Tazali'q insanni'n' azadali'g'i', kiyiniwi, a'dep-ikramli'li'g'i', ju'ris-tu'risi, buyi'mlari'n ta'rtipli saqlawi'nda ko'rinedi. Azada insan-g'a ha'mmenin' ha'wesi keledi.

## AZADALI'Q QANDAY JAQSI'

Azamat 3-klasta woqi'ydi'. «A'depnama» saba-g'i'nda mug'allim tazali'qli' bala qanday boli'wi' kerek yekenligi haqqi'nda aytti'. Azamat ustazi'ni'n' aytqanlari'n yesitip, wo'zinen uyali'p ketti. Sebebi, wol wo'zin tazali'qli' ha'm ta'rtipli bala dep ayta almaydi'. Azamat sol ku'nnen baslap tazali'qli' bolaman dep wo'zine wo'zi so'z berdi.

U'yge barg'anda, ayaq kiyimin tazalap, worni'na qoydi'. Sumkasi'n ku'ndegidey yesik aldi'na yemes, bo'lmesine ali'p bari'p, kiyimlerin shkafqa ildirip qoydi'. Stol u'stin da'rhal ta'rtipke keltirdi. Bet-qoli'n juwi'p, shashlari'n taradi'. Anasi' jumi'stan kelgenshe asxanadag'i' i'di'slardi' juwi'p, shan'lardi' si'pi'rdi'.

— Tazali'qli' ha'm aqi'lli' balamnan aylanayi'n, — dep maqtadi' bunnan anasi' quwani'p.

— Anajan, yendi bo'lmemdi' wo'zim ji'ynayman. Siz ku'n boyi' islep sharshap kelesiz. Bu'ginnen baslap u'kem menen u'y jumi'slari'na ja'rdem beremiz, — dedi.

Anasi' Azamatti'n' bul ga'plerininen quwandi'.

1. Woqi'w qurallari'n qalay saqlaw kerek?
2. Sizin'she bul qag'i'ydalarg'a ja'ne qan-day qosi'msha qi'li'w mu'mkin?

To'mendegi qag'i'ydalardi' yadta tuti'n':





1. Kitap betlerin ji'rtpaw, bu'klemew, wolarg'a si'zbaw lazi'm. Kitaptag'i' su'wretlerdi qi'rqi'p ali'w a'depsizlik. Ji'rti'lg'an betlerdi jelimlew, qol ha'm qa'lem izlerin wo'shirgish penen wo'shiriw kerek.

2. Ha'rbir pa'n ushi'n bo'lek da'pter tuti'w lazi'm. Da'pterdi arnawli' qap penen qaplaw, wog'an arti'qsha na'rselerdi jazbaw kerek.

3. Qa'lemler arnawli' i'di'slarda saqlansa, ushi' si'na bermeydi.

4. Suyi'q jelim ha'm may-boyawlardi' arnawli' qaltashag'a yaki sumkani'n' bo'lek qaltasi'na sali'w kerek.

Su'wretlerge di'qqat awdari'n'. Balalarg'a at qoyi'n' ha'm su'wrette ko'rsetilgen ko'rinisler boyi'nsha awi'z-eki gu'rrin' du'zin'.

Kiyim-kenshekl erdi qalay saqlaw kerekligi haqqi'nda tekst du'zin'.

# TAZALI'Q – SALAMATLI'Q GIREWI

Medicina iliminin' sultani' ibn Sina uzaq wo'mir ko'riw tazali'qqa baylani'sli' yekenin aytqan.

## JASA, SABI'N, JASA, SUW!

**Polat Mo'min**

Mikrob boladi' ju'da' quw,
Jasi'ri'ni'p ju'redi wol,
Wog'an qarsi' gu'resken,
Jasa, sabi'n, jasa, suw!

Juwg'an waqta ko'pirgen,
Daqlardi' da ketirgen,
Sharshamag'an xi'zmetten,
Jasa, sabi'n, jasa, suw!

Betlerimdi juwaman,
Jalqawli'qti' quwaman,
Salamatli'q bergen deneme
Jasa, sabi'n, jasa, suw!

Tazali'qqa a'mel yetiw salamatli'q ushi'n za'ru'r. Sebebi, ju'da' ko'p kesellikler tazali'qqa boysi'nbaw aqi'betinde kelip shi'g'adi'.

Ko'zge ko'rinbes mikroblar salamatli'g'i'mi'z zi'yankesi. Biraq, wolarg'a qarsi' gu'resiwge boladi'. Buni'n' ushi'n tek suwdan paydalani'w ha'm yerinbew kerek.

**«A'depnama» sabag'i'nda woqi'ti'wshi' woqi'wshi'larg'a tazali'qqa a'mel yetiw qag'i'y-dalari'n jazi'wdi' tapsi'rdi'. Rano tapsi'rmani' bi'lay wori'nladi':**

1. Awqattan aldi'n, a'lbette, qollardi' sabi'nlap juwi'w;
2. Azanda ha'm uyqi'dan aldi'n tislerdi tazalaw;
3. Ti'rnaqlardi' wo'z waqti'nda ali'w;
4. Wo'z aldi'na su'lgi ha'm bet woramaldan paydalani'w;
5. Kiyim ha'm noskiylerdi wo'z waqti'nda almasti'ri'w;
6. Miywelerdi juwi'p jew;
7. Qaynati'lmag'an suwdi' ishpew.

Siz bul qag'i'ydalarg'a ja'ne nelerdi qosi'msha qi'lg'an bolar yedin'iz?

**To'mendegi buyi'mlardan qaysi'lari' tazali'qqa tiyisli yemes?**



Atabektin' azang'i' ku'n ta'rtibi duri's du'zilgen be? Woni' ta'rtip penen qayta du'zip shi'g'i'n'.

Atabek uyqi'dan turdi'. Awqatlandi'. Ayaq kiyimin kiydi. Kerekli kitap-da'pterlerin sumkasi'na jaylasti'rdi'. Worni'n ta'rtipke keltirdi. Bet qoli'n, tislerin juwdi'. Kiyimlerin kiydi. Ata-anasi'na sa'lem berdi. Mektepke ketti.

Ku'n ta'rtibi» kestesi menen tani'si'n'. Siz de ku'ndi usi' ta'rtip tiykari'nda wo'tkeresiz be? To'mendegi kesteni waqti'n qoyi'p tolti'ri'n'.

| **Ku'n ta'rtibi** | **Waqti'** | **Ku'n tartibi** | **Waqti'** |
|---|---|---|---|
| Uyqi'dan turi'w | | Do'gerek ha'm sport tayarli'g'i'na bari'w | |
| Deneta'rbiya ha'm juwi'ni'w | | U'y jumi'slari'na ja'rdemlesiw | |
| Azang'i' awqat | | Keshki awqat | |
| Mektepke bari'w | | Sabaq tayarlaw | |
| Mektepten qayti'w | | Shan'araqtag'i' sa'wbet | |
| Tu'slik | | Televizor tamasha yetiw | |
| Dem ali'w | | Uyqi'law | |

Wo'zin'iz ha'rdayi'm paydalanatug'i'n tazali'qti' saqlawshi' zatlardi'n' su'wretlerin sali'n'. Bul zatlardi'n' qalay qollani'li'wi' ha'm paydasi' haqqi'nda ayti'p berin'.

# AZADALI’Q HA’M TA’RTIPLILIK

**Azadali’q** — ju’ris-turi’sta, kiyiniw ha’m de awqatlani’wda tazali’qqa ha’m pa’kizelikke a’mel yetiw.
**Puqtali’q** — barli’q isti nuqsansi’z wori’n-law; na’rselerdi taza ha’m ta’rtipli saqlaw.

**To’mendegi jag’daydan qanday na’tiyje shi’g’ari’w mu’mkin?**

Nadi’ra menen Salima bir ko’shede turadi’, mek-tepke birge baradi’. Bir ku’ni Nadi’ra dosti’si’ni’n’ u’yine keldi. Salimani’n’ shashlari’ taralmag’an, woqi’w qurallari’ shashi’li’p jati’r edi.

— Salima, nege tayar yemessen’? Yaki mazan’ joq pa? — dep soradi’ Nadi’ra.

— Apam yemlewxanada yedi. Azang’i’ shay tayar yemes, kiyimlerimdi tabalmay ati’rman, — dedi Salima.

— Dosti’m, bul jumi’slardi’ wo’zin’ islesen’ boladi’-g’o. Yendi jas bala yemespiz. Kel, men sag’an ja’rdem beremen, — dedi Nadi’ra. Salima dosti’si’ni’n’ aldi’nda uyali’p qaldi’.

— Apam da solay dep yedi. Biraq, ti’n’lamag’an yedim. Yendi wolardi’n’ aytqani’n qi’laman, — dedi.

1. Salima wo’zindegi qaysi’ a’detlerin wo’z-gertiwi kerek?
2. Siz wo’zin’izdi azada ha’m ta’rtipli dep yesaplaysi’z ba?

## Karimge qanday ja'rdem beresiz?

Karim mektepke barg'ansha ko'shedegi ku'shik ha'm pi'shi'qlardi' quwadi', tas atadi'. Wol atqan taslar geyde adamlarg'a tiyedi. Karim keshirim soraw worni'na qashi'p ketedi. Wo'tken ku'ni wol Nurjan atani'n' aynasi'n si'ndi'rdi'.

Karim sabaqta da ti'ni'sh woti'ra almaydi'. Partag'a, klass diywallari'na tu'rli so'zlerdi jazadi', su'wret si'zadi'. Klasslaslari'n ga'pke tuti'p, di'qqati'n bo'ledi.

Karim wo'z na'rselerin de ayamaydi'. Bir ku'ni da'pter yaki ruchkasi'n, basqa ku'ni bas kiyimin joytadi'. Joldan ju'rmey, ha'rdayi'm i'lay ha'm patas jerlerden ju'redi. Soni'n' ushi'n ata-anasi' wog'an tez-tez kiyim sati'p ali'p beriwge majbu'r. Karimge sizin' ja'rdemin'iz kerek. Wog'an qanday ja'rdem beresiz?

To'mendegi su'wretlerde berilgen na'rselerdi qayjerde ha'm qalay saqlaw kerek?



## U'NEMLEW A'DEBI. ATALARI'MI'Z U'NEMLEW HAQQI'NDA

**Inam** — insanni'n' jasawi' ushi'n za'ru'r na'rseler. Ma'selen, suw, azi'q-awqat, kiyim-kenshek, na'rse-buyi'm, waqi't bul ta'biyatti'n' inami'.

**U'nemlew a'debi** — wo'nimlerdi qa'dirlew, kereginshe isletiw.

**I'si'rapkershilik** — inamlardi' qa'dirlemew ha'm kereginen arti'qsha jumsaw.

U'nemlew — jaqsi' paziylet. U'nemshil insanni'n' shan'arag'i'nda bereket, isinde wo'nim boladi'. Kimde-kim, wo'zindegi bar na'rseni u'nemlep jumsasa, wol uzaqqa jetedi.

Al, i'si'rapkershilik yen' jaman a'detlerden. Soni'n' ushi'n ata-babalari'miz u'nemli bo'li'wg'a u'yretken.

Ha'dislerde de «Kimde-kim wo'mirde u'nemshil bolsa, ha'rgiz jarli'li'qqa tu'speydi», delinedi. Jaslayi'nan u'nemli boli'wg'a u'yrengen adam hesh na'rsege zar bolmaydi'.

### APANI'N' NA'SIYATI'

A'nwar azang'i' shayi'n asi'g'a ishti. Wol u'lken nan bo'legin ali'p, bir-yeki tisledi, mazali' shayi'n da aqi'ri'na shekem ishpedi. Buni' ko'rip turg'an apasi' dedi:

— Balam, nandi’ aqi’ri’na shekem jep, shaydi’ iship qoymaysan’ ba?

— Qarni’m toydi’, jegim kelmey tur.

— Bul isin’ jaqsi’ yemes, balajani’m. Yesin’de bolsi’n, i’si’rapkershilik — yen’ jaman a’det. Ha’r na’rsenin’ wobali’ boladi’. Neni xor qi’lsan’, sog’an zar bolasan’. Sonday waqi’tlar bolg’an, adamlar bir bo’lek nan ushi’n jan bergen. Senin’ bul isin’ toqli’qqa shoqli’q qi’li’w. Bunnan keyin zinhar bunday qi’lma. Ha’mme na’rsenin’ wo’zin’e keregin al.

— Yaqshi’, apa, — dedi A’nwar ha’m bul ga’plerdi yadtan shi’g’armawg’a wa’de berdi.

A’depli bala woqi’w qurallari’n, kiyim-kensheklerin ta’rtipli saqlaydi’, i’si’rap qi’lmaydi’. Sebebi, bul na’rseler ata-anami’zdi’n’ miyneti arqasi’nda kelgen. Biz wo’z na’rselerimizdi qa’sterlep-saqlaw arqali’ ata-anami’zg’a ja’rdem bergen bolami’z.

Wo’mirde u’nemshil boli’w arqali’ shan’arag’i’mi’zg’a g’ana yemes, al yelimizge de payda keltiremiz. Biykarg’a a’gi’p turg’an suwdi’n’ qulag’i’n jawi’p qoyi’w, jani’p qalg’an shi’raq yaki gazdi wo’shiriw arqali’ qanshadan-qansha qarji’ni’ u’nemlew mu’mkin.

A’depli bala mektebindegi ha’m ja’miyetlik wori’ndag’i’ na’rselerdi de qorg’aydi’. Sebebi, biz paydalani’p ati’rg’an na’rseler basqalarg’a da xi’zmet yetiwi kerek.

1. Woqi'w qurallari'n qa'sterlep-saqlaw degende neni tu'sinesiz?
2. I'si'rapkershilik qanday aqi'betlerge ali'p keledi?
3. Siz wo'zin'izdi u'nemshil dep bilesizbe? Mi'sallar keltirin'.

## U'nemlew haqqi'nda maqallar

Jati'p jewge taw da shi'damaydi'.

*  *  *

Saqlasan' — mi'n' ku'nlik,
Saqlamasan' — bir ku'nlik.

*  *  *

Tama-tama ko'l bolar,
Tambay qalsa sho'l bolar.

*  *  *

Yesabi'n bilmegen,
Aqshasi'nan ayri'lar.

Waqi'ttan qalay paydalani'wi'n'i'z haqqi'nda pikir ju'rgizin' ha'm tekst du'zin'.

# NANNI'N' USAG'I' DA NAN

1. Nan haqqi'nda qanday taqmaq, qosi'q ha'm naqi'llardi' bilesiz?
2. Dasturqandi' nansi'z yelesletiw mu'mkin be?
3. Nang'a qanday mu'na'sibette boli'w kerekligi haqqi'nda u'gitler yesitkensiz be?

Nan — aziz ha'm shi'pabag'i'sh wo'nim. Turmi'si'mi'zdi'n' paraxatshi'li'g'i', dasturqani'mi'zdi'n' toli' boli'wi' nan menen belgilenedi. Du'nyada hesh na'rse nanni'n' worni'n basa almaydi'. Soni'n' ushi'n ata-babalari'mi'z nandi' ju'da' qa'dirlegen. Nanni'n' usag'i'n da wobal qi'lmawg'a shaqi'rg'an. Nandi' i'si'rap qi'li'wdi' bolsa u'lken gu'na' sanag'an.

## NAN MENEN KITAP

— Wo'mirde yen' zori' da, yen' a'zizi de sen. Meni de sen du'nyag'a keltirip, ta'rbiyalap wo'sirdi'n'. Soni'n' ushi'n bir wo'mir sag'an ta'jim yetiwdi wazi'ypam dep bilemen, — depti Aqi'l Kitapqa.

— O, dosti'm, meni ju'da' maqtap jiberdin'. Bilmesen' bilip, qulag'i'n'a quyi'p al. Du'nyada mennen de a'zizlew na'rse bar. Bul — Nan! Men Nan aldi'nda qari'zdarman, — dep juwap beripti Kitap.

— Nan? — hayran qali'pti' Aqi'l.

— Awa. Nan mennen ulli'. Wo'ytkeni, qarni' ash adamni'n' qulag'i'na so'z kirmeydi. Sen raxmetti mennen aldi'n Nang'a ayt.

1. Kitap Nanni'n' a'ziz yekenin qalayi'nsha tu'sindirdi?
2. «Nansi'z jasap bolmas, ga'pti asap bolmas», degende neni tu'sinesiz?

Nandi' tayarlaw, dasturqang'a tarti'w ansat is yemes. Diyqan baba gu'zde jer aydap, da'n sebedi.

Wo'nip shi'qqan maysalarg'a balasi'nday mehirin berip wo'siredi. Biydaydi' wori'w, g'a'lle-xanag'a jetkeriw ha'm digirmanda tarti'wg'a shekem bolg'an jumi'slarda qanshadan-qansha insanlar ter to'gedi.

Analari'mi'z wonnan qami'r iylep, a'jayi'p ha'm toyi'mli' nanlar pisiredi. Nandi' qadi'rlemew sonsha adamni'n' miynetin qa'dirlemew boli'p yesaplanadi'.

- Nandi' arnawli' taza i'di'slarda saqlan'.
- Kereginen arti'q nan si'ndi'rman'.
- Nandi' ha'r jerde qaldi'rman'.
- Nandi' shi'g'i'ndi'g'a taslaman'.
- Awi'sqan nanlardi' keptirip yaki taqan tu'rinde paydalani'n'.



Qaraqalpaq xalqi'nda nanni'n' birneshe tu'ri bar. Ma'selen, sho'rek, pa'tir, mayli' pa'tir, qatlama, go'sh nan, taba nan, shelpek, bawi'rsaq ha'm tag'i' basqalar. Qaraqalpaqlar u'yge kelgen adamni'n' aldi'na birinshi gezekte nan qoyadi'.

1. Apan'i'z yaki anan'i'z benen nandi' qalay tayarlaw, saqlaw haqqi'nda sa'wbetlesin'.
2. Nan haqqi'ndag'i' ra'wiyat ha'm yerteklerdi woqi'p, mazmuni'n so'ylep berin'.

## SUW – TIRISHILIK DEREGI

1. Suwsi'z wo'mirdi ko'z aldi'mi'zg'a keltiriw mu'mkin be?
2. Ku'n dawami'nda suwdan ne ushi'n ha'm qanday maqsette paydalanasi'z?

Suw — wo'mir deregi. Suw bolmag'an jerde wo'mir joq. Haywanlar da, wo'simlikler de suw menen tiri.

Suw tawsi'lmas derek yemes. Sol sebepli qa'dirlew kerek. A'yyemde babalari'mi'z suwg'a tu'piriw, tu'rli shi'g'i'ndi'lardi' taslawdi' gu'na' dep bilgen. Suwdi' pataslag'an adamdi' jazalag'an.

Du'nyada ishimlik suwi' qi'tshi'li'q bolg'an ma'mleketler ko'p. Afrika ha'm arab ma'mleketlerinde adamlar suwdi' alti'n bahasi'nda sati'p aladi'. Suwdi' qa'dirlew, u'nemlew ha'rbirimizdin' wazi'ypami'z.

## NAN HA'M SUW QA'DIRI

A'yyemde bay menen kambag'al adam saparg'a shi'g'i'pti'. Ma'nzilge jol sho'listanli'q arqali' wo'tedi yeken. Bay qabi'n tolti'ri'p alti'n, ga'wharlari'n sali'p ali'pti'. Al, kambag'al qaltasi'na nan ha'm meske suw ali'p shi'g'i'pti'. Wolar jol ju'ripti, jol ju'rse de mol ju'ripti. Baydi'n' ashli'q ha'm sho'lden din'kesi quri'pti'.

— Hey, dosti'm, bayli'qqa isenip, u'lken qa'telik qi'lg'an yekenmen. Mag'an da nan-suwdan ber, —

depti. Sherigi wog'an nan-suw beripti. Sol sebepli wolar ma'nzilge saw-salamat jetip kelipti.

Qullasi', nan-suw ha'rqanday bayli'qtan da qi'mbatli' ha'm qa'dirli boli'p yesaplanadi'.

1. Usi' a'psanadan qanday juwmaq shi'g'ardi'n'i'z?
2. Insanni'n' jasawi' ushi'n za'ru'r bolg'an na'rselerdi sanap berin'.

**Suwdi' u'nemlew ushi'n mi'nalarg'a a'mel yetin':**

1. Krannan ag'i'p turg'an suwdi' qaytari'p qoyi'n'.
2. Salma ha'm ha'wizlerge tu'rli na'rseler ha'm shi'g'i'ndi'lardi' taslaman'.
3. Quri' ag'i'p turg'an suwdan u'lkenlerdi xabardar yetin'.
4. Suwdi' paydalang'anda u'nemlep qollani'n'.

Suwdi' qanday maqsette ha'm ne ushi'n jumsali'wi' haqqi'nda pikir ju'ritin'. Juwaplari'n'i'zdi' da'pterge to'mendegi ko'riniste jazi'n'.



## SUW

**Qambar Ata**

Suw a'lemnin' jani',
Abad wo'mir bostani'.
Suw bar jerde wo'ser da'n,
Tandi'rlarda piser nan.

Qani'p ish, jaynap juwi'n,
La'zzetlenip ha'm su'yin.
Kewlin' gu'l jaynar, maza,
Qanday zor — denen' taza.

Kim qatar si'ni'n du'zer,
Yelin, ta'g'dirin bezer.
Shi'pa suwi' bar Watan,
Jen'islerge yar Watan.

Qambar Atani'n' «Suw» qosi'g'i'n yadlan'. Shan'arag'i'n'i'zda suwg'a mu'na'sibet ha'm wonnan qalay paydalani'wi'n'i'z haqqi'nda ayti'n'.



# TA'KIRARLAW

## ATA NA'SIYATI'

### (Wo'zbek xali'q yertegi)

A'yyemgi zamanda bir g'arri'ni'n' u'sh balasi' bolg'an yeken. G'arri' wo'limi aldi'nan sonday na'siyat qi'li'pti':

— Balalari'm, uyqi'ni' mazali' qi'li'p uyqi'lan', awqatti' mazali' qi'li'p jen'.

Bul ga'pti u'lken balalari' bir qi'yli', al kishi balasi' basqasha tu'sinipti. U'lken balalari' ha'wlige si'pa quri'p, suw sewip, jumsaq pa'r to'seklerdi sali'pti' da: «Uyqi'ni' mazali' qi'li'w mine mi'nanday boladi'», dep jata beripti. Woyang'annan son', tu'rli mazali' awqatlardi' jep, «Awqatti' mazali' qi'li'p jew a'ne usi'nday boladi'», dep ju're beripti. Awqat jep, domalap jata bergeninen keyin jegen tag'amlari' sin'bey, ya awqat jep, ya uyqi'lap bereketi bolmapti'. Aqi'ri' jewge awqatlari' qalmay, to'men awhalda qali'pti'.

Al, kishi balasi' qunt penen temirshilikti u'yrenipti. Azannan keshke shekem miynet qi'lg'ani' ushi'n jegen nani', ishken shayi' mazali', uyqi'si' bolsa wonnan da mazali' boladi' yeken. Kishi balasi' miynetsu'ygishligi menen atasi'ni'n' na'siyati'n wori'nlapti' ha'm bayli'g'i' ku'n sayi'n arti'p bari'pti'.



1. Ata na'siyati'n qaysi bala duri's tu'sinipti?
2. Ne ushi'n genje balani'n' awqati' ha'm uyqi'si' mazali' boli'pti'?

Naqi'llardi' mazmuni'na qarap dawam yettirin' ha'm da'pterin'izge jazin'.

| | |
|---|---|
| Miynet yetken – | bir sebet nan |
| Wo'ner — | woti'n tasi'wdan yerinbe |
| Bir masaq da'n — | a'lem seniki |
| Nan jemekshi bolsan' — | yelde a'ziz |
| Ali'm bolsan' — | alti'nnan qi'mbat |

# BIZ JASAP ATI'RG'AN A'LEM

1. Planetami'z — Jer haqqi'nda nelerdi bilesiz?
2. Jerdegi wo'simlik ha'm haywanat du'nyasi' haqqi'nda qanday filmler ko'rgensiz yaki kitaplar woqi'g'ansi'z?

Bizin' planetami'z — Jer. Jer jasaw ushi'n qolayli' planeta. Wol suw, taw ha'm muzli'qlar, sho'l ha'm tog'aylardan ibarat. Jer insanlardi', haywan ha'm wo'simliklerdi wo'z qushag'i'na alg'an.

Jerdegi tirishilik ten'salmaqli'li'g'i'n saqlawda ha'rbir janzat ha'm wo'simliktin' wo'z wazi'ypasi' ha'm de worni' bar. Ta'biyat wo'zine ta'n ta'rtip qag'i'ydasi' bar qubi'li's. Wondag'i' bir janzat yamasa wo'simliktin' joq boli'p ketiwi ta'rtiptin' buzi'li'wi'na sebep boladi' ha'm ta'biyiy mashqalalardi' keltirip shi'g'aradi'.

Pu'tkil tiri organizmlerdin' jasawi' ushi'n ta'biyat bir tegis rawajlani'wi' kerek. Du'nyani' saqlap qali'w ushi'n ha'rbirimiz juwapkermiz.

Insan wo'z is-ha'reketleri ushi'n juwapker. Wol ha'rbir isinin' aqi'betin woylap islew kerek.



**Jumbaqlarg'a juwap tawi'p, basqati'r-mani' sheshin'**




**Tigine:**

1. Wo'zi ayaq asti'nda,
   Ha'mmeni toydi'radi'.
2. U'lken tawlar du'gisti,
   Ji'lt-ji'lt yetip wot ushti'.

**Yenine:**

1. Appaq shashli' baslari',
   Da'rya bolar jaslari'.
3. Quwi'p yedim moyi'n burmadi'.
   Uslayi'n dep yedim, qolda turmadi'.
4. Su'tten ti'ni'q, paxtadan aq.
5. Jutsan' qarni'n toymaydi',
   Jutpasan' jasap bolmaydi'.
6. Nur shashar i'ssi',
   Qaray almayman ko'zim qi'si'q.

Ta'biyat ko'rinisin salg'an su'wretin'iz arqali' tu'sindirin'.

# MEN TA'BIYATTI' QALAY QORG'AWI'M MU'MKIN?

1. Wo'z qoli'n'i'z benen na'l yekkensiz be? Woni' qalay wo'siriw kerek?
2. Awi'li'n'i'z (qalan'i'z) di'n' wo'zine ta'n ta'biyati' haqqi'nda ayti'p berin'.

Insan, wo'simlik ha'm ja'niwarlar — ta'biyatti'n' bir bo'legi. Ha'rbir tiri organizmnin' dem ali'wi' ha'm jasawi' ushi'n suw, hawa ha'm azi'q-awqat kerek. Bulardi'n' barli'g'i' ta'biyatta bar. Ta'biyat bizlerdin' u'yimiz. Woni' qa'sterlep-saqlaw ha'r birimizdin' wazi'ypami'z.

Berdaq ha'm Du'rdana ta'biyatti' qorg'awda to'mendegi qag'i'ydalarg'a a'mel yetedi. Siz bul qag'i'ydalarg'a ja'ne qanday qosi'mshalar kirgizgen bolar yedin'iz?

1. Terek ha'm gu'ller yegiw, wo'siriw;
2. Suwdi' u'nemlew ha'm pataslamaw;
3. Shi'g'i'ndi'lardi' dus kelgen jerge taslamaw;
4. Terek japi'raqlari'n jaqpaw;
5. Haywanlarg'a zi'yan tiygizbew...

**1-jag'day**. Ko'z aldi'n'i'zg'a keltirin': mektepten u'yge qayti'p kiyati'rsi'z. Ko'shede bir topar balalar tu'sken japi'raqlardi' jag'ajag'i'n ko'rip qaldi'n'i'z. Bunday jag'dayda qanday jol tutasi'z?

**2-jag'day**. Doslari'n'i'z benen woynap ju'rsiz. Doslari'n'i'zdan biri terektegi qus uyasi'n ko'rip qaldi'. «Ba'lkim uyada palapanlar bar shi'g'ar. Kelin', wolardi' alami'z», dedi. Siz qanday jol tutasi'z?

## SHI'MSHI'QTI'N' PALAPANI'

Baxi't shi'mshi'qti' palapani'n qatti' qi'ynap yezgiledi: suwg'a sali'p ju'zdirdi, dop-domalaq kishkene ko'zlerine sho'p tiygizip ko'rdi...

Keyin ayag'i'na jip baylap, ko'shege ali'p shi'qti'. Ko'shede dosti' Tayi'rg'a dus keldi. Tayi'r Baxi'tti' ko'rdi de, qabag'i' sali'ndi'. Baxi't ju'da' qi'rsi'q bala yedi, sonnan Tayi'r wog'an jali'ni'p woti'rmay, asi'g'i'p qaltalari'n qaradi': qaltasi'nda yari'm wo'shirgish penen keshe ashqan qi'zi'l qa'lemi bar yeken...

— Baxi't, shi'mshi'qti qayerden aldi'n'?

— Biydayli'qta shegirtke tuti'p ati'rg'ani'mda tobi'm menen uri'p qulatti'm.

— Almaspaysan' ba?

Baxi't jalt yetip Tayi'rg'a qaradi', son' bir na'rseni woyladi' ma:

— Almasaman, nenin' worni'na? — dedi asi'g'i'p.

— Mine, boyaw qa'lem, sog'an beresen' be?

— Fi-i! Tiri shi'mshi'qti' bir qa'lemge me? Basqa na'rsen' joq pa?

— Yeger yaqshi' desen', mine mi'na wo'shirgishimdi de beremen.



Baxi’t qoli’na baylap alg’an jin’ishke jipti bosati’p, Tayi’rdan wo’shirgish penen qa’lemdi aldi’ da, shi’mshi’qti’n’ palapani’n berdi. Keyin qi’zi’qsi’ni’p:

— Woni’ ne qi’lasan’? — dedi.

— Ha’zir bilesen’ ne qi’li’wi’mdi’...

Tayi’r shi’mshi’qti’n’ palapani’n ayag’i’nan abaylap jipti sheshti. Ju’regi du’k-du’k uri’p ati’rg’an biyshara qusti’ bir-yeki si’ypadi’ da, keyin birden aspang’a ushi’ri’p jiberdi...

**O‘ktam Usmonov**

1. Baxi’t qanday bala yeken?
2. Siz de sonday jag’dayg’a dus kelsen’iz, Tayi’rdi’n’ joli’n tutqan bolarma yedin’iz?

# HAYWANLARG’A MU’NA’SIBET

1. Shan’arag’i’n’i’zda qanday u’y haywanlari’ bar?
2. Siz wolardi’ wo’siriwge ja’rdem beresiz be?
3. Haywanlarg’a qanday mu’na’sibette boli’w kerek dep woylaysi’z?

Haywanlar a’yyemnen insanlardi’n’ yen’ jaqi’n dosti’, ko’mekshisi boli’p kelgen. Wolar so’yley almasa da mehirdi, jaqsi’li’qti’ sezedi. Adamni’n’ haywanlarg’a mu’na’sibetinen woni’n’ qanday adam yekenin bilip ali’w mu’mkin.



Iytler shan’arag’i’mi’zdi’n’ qori’qshi’si’. Iytler uri’s waqti’nda jaradarlardi’ uri’s maydani’nan ali’p shi’qqan. Sonday-aq, wolar ko’plep ji’nayatlardi’ ashi’wg’a ja’rdem beredi.



Pi'shi'qlar u'yimizdi tu'rli kemiriwshilerden saqlaydi'. Wolar ju'da' sezgir haywan. Pi'shi'qlar tu'rli qa'wip-qa'terlerdi aldi'nnan sezip, insanlarg'a yeskertedi.



A'yyemnen babalari'mi'z atlardi' yen' sadi'q haywan si'pati'nda qa'dirlep kelgen. Ma'rt jigitler yeldi at minip basqi'nshi'lardan qorg'ag'an.

1. Haywanlardi'n' sadi'qli'g'i' ha'm dosli'g'i' haqqi'nda qanday filmlerdi ko'rgensiz yaki kitaplar woqi'g'ansi'z?

2. Gu’belek, iynelik, xanqi’zi’ si’yaqli’ shi’-bi’n-shirkeylerdi tuti’w ta’biyatqa zi’yan dep woylaysi’z ba?
3. Sizin’she, ha’mme haywanlardi’ yaki quslardi’ u’y sharayati’nda bag’i’w mu’mkin be? Bu’lbu’l yaki kirpitikendi bag’i’w ushi’n qa’peske sali’w duri’s pa?

Ta’biyatti’, wo’simlik ha’m haywanlardi’ qorg’aw, ko’beytiw ushi’n qori’qxanalar quri’lg’an. O’zbekistanda ko’plep qori’qxanalar, milliy ha’m ta’biyiy bag’lar bar. Wolarda jog’ali’p barati’rg’an wo’simlik tu’rleri ha’m haywanlar qorg’aladi’. Qori’qxanalar aymag’i’nda an’ awlaw, bali’q tuti’w, terek kesiw, wot wori’w, mal bag’i’w qadag’an yetiledi.






Al, O'zbekistan «Qi'zi'l kitab»i'na Aziya jolbari'si', taw qoyi', jol-jol si'rtlan, tuwalaq, aq qus, kesirtke si'yaqli' wo'zgeshe haywanlar kirgizilgen. «Qi'zi'l kitap» ma'mleket hu'jjeti yesaplanadi'. Wog'an kirgizilgen wo'simliklerge zi'yan tiygizgen, haywanlardi' awlag'an adamlar ni'zamg'a muwapi'q juwapkershilikke tarti'ladi'.

## KIM KU'SHLI

(Qaraqalpaq xali'q yertegi)

Yertegim yerte boldi',
Qulag'i' kelte boldi',
G'az qarawi'l boldi',
Ti'rna jasawi'l boldi',
Ha'kke biysi'maq boldi'.
— Ha'kke, sen neden biysi'maq boldi'n'?
— Muzg'a tayi'p shati'm ayri'ldi'.
— Muz, sen neden ku'shli boldi'n'?
— Men ku'shli bolg'anda ku'n yeritermedi?
— Ku'n sen neden ku'shli boldi'n'?
— Men ku'shli bolg'anda, bult basarmaedi?
— Bult, sen neden ku'shli boldi'n'?
— Men ku'shli bolg'anda, jamg'i'r tesermedi?
— Jamg'i'r, sen neden ku'shli boldi'n'?
— Men ku'shli bolg'anda, jer sori'rmedi?
Jer sen neden ku'shli boldi'n'?
— Men ku'shli bolsam, ti'shqan tesermedi?
— Ti'shqan, sen neden ku'shli boldi'n'?
— Men ku'shli bolg'anda, pi'shiq alarmedi?
— Pi'shi'q, sen neden ku'shli boldi'n'?
— Men ku'shlimen, ku'shlimen,

Ayag'i'mda zerli ga'wish,
Ku'nine yekki mi'n' ti'shqan sa'wish.

Kishipeyillik — a'deplilik belgisi.
Pi'shi'qti'n' maqtanshaqli'g'i' duri'spa?

Wo'zin'iz jasaytug'i'n aymaqtag'i' wo'zgeshe haywanlar ha'm wo'simlikler haqqi'nda ata-anani'n'i'z benen sa'wbetlesin' ha'm soni'n' tiykari'nda mag'luwmat toplan'.

## TA'BIYAT QUSHAG'I'NA SAYAXAT

1. Shan'arag'i'n'i'z yaki doslari'n'i'z benen sayaxatqa shi'qqansi'z ba?
2. Sayaxat ushi'n alg'an jeytug'i'n ha'm ishimliklerin'izdin' i'di'slari'n qay jerge taslaw kerek?
3. Sayaxat dawami'nda gu'l ha'm wo'simliklerdi u'ziw, tereklerdin' shaqasi'n si'n-di'ri'wg'a bola ma?

Yelimiz ta'biyati' ju'da' go'zzal. Ayi'ri'm yellerde ji'l dawami'nda jaz, al ayi'ri'm yellerde tek qi's boladi'. Hindstanda aylar dawami'nda ti'ni'msi'z jawi'n jawsa, Tundrada 9 ay qaqaman suwi'q hu'kimdarli'q qi'ladi'. Afrikada ji'l boyi' saratan jaz boladi'. Al, bizin' yelimizde ji'ldi'n' to'rt ma'wsimi birdey wo'tedi. Ha'rbir ma'wsimnin' wo'z worni', wo'z shi'rayi' bar.

## BA'HA'R

Ba'ha'r, Ba'ha'r jan ba'ha'r
Miyman boli'p kelipsen'.
Ko'p raxmet, ko'k japi'raq ha'm
Gu'ller ali'p kelipsen'.

Ba'ha'r kelse quwani'si'p,
Bizler ku'tip alami'z.
Woqi'wdan bos waqti'mi'zda
Suw boyi'na barami'z.

Ba'ha'r, ba'ha'r sen kelgende,
Jer kiyiner jasi'ldan.
Bizin' kewlimiz de ba'rha,
Sendey jaynap ashi'lg'an.

Ba'ha'r seni biz su'yemiz,
Ji'lda qalmay kele ber.
Ko'k japi'raqli' gu'llerin'nen,
Bizge a'kep bere ber.

**Ibrayi'm Yusupov**

1. Ba'ha'r ma'wsiminin' basqa ma'wsimlerden wo'zgesheligi nede?
2. Siz qaysi' ma'wsimdi unatasi'z?

**To'mendegi ta'riyipler qaysi' ma'wsimge tiyisli yekenin tabi'n'.**

Tal-terekler mi'zg'i'g'an,
I'zg'i'ri'q samal yesedi.
Ji'lti'rasi'p ko'sheler,
Aspannan qar tu'sedi.

**Nurullo Oston**





Terek japi'rag'i' alti'n ren',
Miywelerden tamar pal.
Dalalarg'a bir qaran',
Aq gu'llerden sha'menzar.
**Habib Rahmat**

Jumsaq jerden jumi'li'p,
Tan' nuri'na shomi'li'p.
Ku'lip shi'g'ar baysheshek,
Alg'i'slarg'a ko'milip.
**Shukur Sadulla**





Yendi quyash ba'rsheni
Birdey mehirde su'yedi.
Jalan' ayaq ju'rsen' yeger,
Ayaqlari'n' ku'yedi.
**Ravshan Fayz**

# MAZMUNLI' SAYAXAT

Ba'ha'r ku'nlerinin' birinde 3-klass woqi'wshi'lari' ustazlari' menen ta'biyat qushag'i'na sayaxatqa shi'g'i'pti'. Sarqi'rag'an say, gilemdey sho'pler, ran'-ba'ren' gu'llerge qong'an gu'beleklerdi ko'rgen balalar:

— O, a'tirapti'n' go'zzalli'g'i'na qaran', dep baqi'ri'p jiberipti.

Zuxra ha'm Nasiba gu'lshen'ber jasaw ushi'n da'rhal gu'l teriwge kirisip ketipti.

— Qi'zlar, bul gu'ller da'rhal soli'p qaladi'. Biykarg'a wolardi' zayalaman', — dedi ustazi'. — Qaran', gu'ller usi' turi'si'nda qanday go'zzal.

Balalar quwalasi'p ha'r ta'repke juwi'ri'p ketipti. Bir waqi'tta Akbar wo'zi tuti'p alg'an iynelikti Begzadqa ko'rsetti:

— Qara, qanday u'lken iynelik tuti'p aldi'm. Ko'zleri tap shiyshag'a uqsaydi' ya.

— Woni' qoyi'p jiber, azar berme. A'depnama sabag'i'nda ustazi'mi'z haywanlarg'a azar beriw jaqsi' yemes, dep aytqan joq pa?

Akbar iynelikti qoyi'p jibergen yeken, wol qanatlari'n pi'rpi'rlati'p ushi'p ketipti.

— Balalar, awi'sqan awqatlardi', jelim i'di'slar ha'm qag'azlardi' ha'r ta'repke taslaman', wo'zimiz benen ali'p ketemiz, — dedi tu'slik waqti'nda ustazi'.

— He, taslap ketebersek bolmay ma, ko'terip ju'remiz be? — dedi Sardar.

— Dem ali'w ushi'n kelgen ha'rbir adam birewden kereksiz na'rse taslap kete berse, bunnan ta'biyatqa qansha zi'yan jetiwin bilesiz be? Planetami'zdag'i' 7 milliardtan aslam adam birewden gu'l julsa, gu'lzarlar joq boli'p ketiwi, birewden shi'g'i'ndi' taslasa, du'nya shi'g'i'ndi'xanag'a aylani'wi' hesh ga'p yemes. Kerisinshe, birewden gu'l yaki na'l yekse ne, du'nya gu'lzarli'qqa, bag'qa aylang'an bolar yedi.

Bul ga'pten son' Sardar jerge taslamaqshi' bolg'an konfet qag'azi'n a'ste qaltasi'na sali'p qoydi'.

Ko'z aldi'n'i'zg'a keltirin': Sizde ta'biyat qushag'i'na sayaxat qi'li'w imkani' bar. Buni'n' ushi'n qaysi' ma'wsimdi tan'laysi'z? Sayaxatqa kimler menen barasi'z? Sayaxati'n'i'z qalay wo'tiwin qa'leysiz? Dem ali'w waqti'nda qorshag'an wortali'qqa qanday mu'na'sibette bolasi'z? Usi' haqqi'nda kishi tekst du'zin'.

## TA'KIRARLAW

### TA'WIP KO'KLEM

**Rauf Tolib**

— Ayti'n', ana, terekke
Balta urar kim? Qalay?
— Anawma, bir na'l yegip
Wo'sirmegen uluwma.

— Kim go’zzal gu’lzardi’
Qi’li’pti’ di’m wayran?
- Sebebi wol gu’l shi’rayi’na
Qaramag’an-da, lal, hayran.

— Shoq, sayrag’i’sh quslarg’a
Kim wol ko’tergen mi’lti’q?
— Wol qus tilin bilmes,
Wog’an biytani’s qosi’q.

— Ana jer qushag’i’ ku’ygen,
Ta’biyatta qara daq.
— Ayti’n’ jasi’l a’lemge
Wot qoyar qaysi’ axmaq?

— Ta’biyatti’, tawlardi’,
Eh, wayran yeter adam...
— Ha’r ji’li’ jaralari’n
Dawalar ta’wip ko’klem



Ha’riplerdi wo’z worni’na qoyi’p, ketekshelerde jasi’ri’ng’an haywan ha’m qus atlari’n tabi’n’.

| | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|
| 1. | R | U’ | B | K | T | I |
| 2. | Y | E | R | J | N | A |
| 3. | K | A’ | L | Y | L | E |
| 4. | E | K | E | T | P | R |

# RA'WIYATLAR TARIYXI'MI'ZDAN SO'YLEYDI. NAWRI'Z HAQQI'NDA RA'WIYAT

Ra'wiyatlar bizge xalqi'mi'zdi'n' ta'riyxi'nan so'yleydi. Xalqi'mi'z ta'repinen belgili insan, imarat, tariyxi'y waqi'ya yaki ha'diyseler haqqi'nda mag'luwmat beriwshi ra'wiyatlar jarati'lg'an. Ra'wiyatlarda babalari'mi'z ko'rsetken qaharmanli'qlar, u'rp-a'det ha'm bayramlardi'n' kelip shi'g'i'wi' qi'zi'qli' tu'rde bayan yetilgen.

Yen' a'yyemgi zamanda bir buzaw u'n'girde jasar yeken. Wol qi'stan qatti' qorqatug'i'n boli'pti'.



Soni'n' ushi'n azi'q-awqat toplap, qi'sqa uzaq waqi't tayarlanadi' yeken. Bir ji'li' qi's qatti' kelip, buzawdi'n' toplag'an awqati' tawsi'li'p qali'pti'. Wol azi'q-awqat tabi'wg'a ma'jbu'r boli'p u'n'girden shi'g'i'pti'. Qarasa, quyash shi'g'i'p hawa ji'li'g'an yeken. Jolda barati'rsa, aldi'nan bir ko'kjal qasqi'r shi'g'i'pti':

— Buzaw, bul suwi'qta qayaqqa ketip barati'rsan? Jol bolsi'n? — dep sorapti' qasqi'r.

Buzaw awqat izlep barati'rg'ani'n ayti'pti'. Sonda qasqi'r ayti'pti:

— Mine usi' jol boylap barsan', bir pada qoy, bir baw biyday, bir digirman ha'm urshi'q bar. Solardi'n barli'g'i' seniki. Qoylardi' bag'i'p ko'beytesen', ju'nin urshi'qta jip qi'li'p iyiresen', wo'zin'e kiyimlik tawar toqi'ysan', biyday tuqi'mlari'n jerge sepsen' nanli' bolasan'.

Buzaw qasqi'r aytqan jerge bari'p qarasa, haqi'yqattan da sol na'rselerdin' ha'mmesi turg'an yeken. Buzaw qoy bag'i'wdi', biyday yegip diyqanshi'li'q qi'li'wdi, jip iyirip wo'zine kiyim tigiwdi u'yrenipti. Wo'miri jaqsi' boli'p ketipti. Sol sebepten wol ha'r ji'li' qasqi'r menen ushi'rasqan ku'nin bayram qi'latug'i'n boli'pti'. Bul qaqaman qi'stan quti'li'p, ba'ha'rge jetisken ku'n — Nawri'z yeken.

1. Siz jasap ati'rg'an aymaqta Nawri'z bayrami' qalay ku'tip ali'nadi'?
2. Sizge bayramdag'i' qaysi' u'rp-a'det yaki ma'resim unaydi'?

## NAWRI'Z

**Dilshad Rajab**

Nawri'z keldi, xosh keldi,
Qa'lbimizge yosh keldi.
Bul a'lemdi tolti'ri'p,
Aspan toli' qus keldi.

Gu'ldey ushar gu'belek,
Jamg'r jawar sebelep.
Shoq-shoq ku'lip qaynaydi',
Tas qazanda su'melek.

Su'melekti jalan'lar,
Jeti ren'ge qaran'lar.
Jer ha'm ko'kti baylag'an,
Nurli' ko'pir bul ren'ler.

Nawri'z haqqi'ndag'i' taqmaq ha'm qosi'q-lardi' yadlan'.

## SU'MELEK TARIYXI'

1. Su'melek ji'ldi'n' qaysi' ma'wsiminde ha'm qanday tayarlani'wi'n bilesiz be?
2. Su'melek tayarlaw bari'si'nda kimler qat-nasadi'?

A'yyemgi zamanda balalari' ko'p bir shan'araq bolg'an yeken. Bul shan'araq sonshelli gedey

yeken, ha'tte u'yinde jewge hesh na'rsesi joq yeken. A'kesi awqat tawi'p keliw ushi'n bazarg'a ketipti. Biraq, ku'n batqansha wonnan derek bolmapti.

Ash qalg'an balalar awqat sorap ji'lay baslapti'. Sonda isbilermen ana balalari'n aldasti'ri'w ushi'n u'lken qazandi' suwg'a tolti'ri'p, wog'an bir qi'si'm tas ha'm bu'rtik ashqan biyday sho'bin sali'p, bi'lg'ay baslapti'. Balalar woshaq a'tirapi'nda awqat pisiwin ku'tip uyqi'lap qali'pti'.

Qazandi' bi'lg'ay berip sharshag'an ana da yari'm aqshamda uyqi'lap qali'pti'. Azanda uyqi'dan turg'an balalar ja'ne awqat sorapti'. Ana qazanni'n' qaqpag'i'n ashi'p hayran boli'p qali'pti'. Sebebi, qazanda ju'da' jag'i'mli' iyisli ha'm mazali' tag'am payda bolg'an yeken da'.

## SU'MELEK
### (xali'q qosi'g'i')

Ba'ha'rdin' sen yelshisi,
Jaqsi'li'qti'n' belgisi,
Nawri'zdi'n' sen sin'lisi,
Su'melekjan, su'melek.
Su'melekjan, su'melek...
Tasqazanda su'melek,
Bi'lg'amag'an a'rmanda,
Bir-birinin' kewilin,
Ala almag'an a'rmanda.
Su'melekjan, su'melek.
Su'melekjan, su'melek.

# SHI'PALI' TAG'AM

Feruzani'n' apasi' ha'r ji'li' ba'ha'rde su'melek tayarlaydi'. Bul ji'li' wol su'melek qalay tayarlani'wi'n bilip ali'w ushi'n apasi'na ja'rdemles-pekshi boldi'.

— Apajan, ne ushi'n bul tag'am su'melek dep atalg'an, — dep soradi' Feruza.

— Rawiyatlarda ayti'li'wi'nsha, su'melek pisken-ge shekem woni'n' to'besinde woti'z perishte duwa woqi'p turadi' yeken. Soni'n' ushi'n woni' apalar «se malak» — «woti'z perishte» dep atag'an. Su'melek ushi'n da'slep jaqsi' biyday tan'law kerek, — dep uqti'rdi' apasi'.



— Biydaydi' jaqsi'lap tazalap, juwi'p, son' wo'ndiremiz. Wo'sip shi'qqan maysalardi' maydalap, suwi'n si'rqi'p alami'z. Keyin qazang'a may, biyday suwi' ha'm un sali'p, pisiriwdi baslaymi'z.

— Men su'melek jalag'ani'mda ishinen tas shi'qqan edi. Tas nege sali'nadi'?

— Su'melektin' asti' almawi' ushi'n qazang'a mayda taslar sali'nadi'. Su'melek — shi'pali' tag'am. Ba'ha'r ma'wsiminde denen'izge ju'da' ko'p vitamin kerek. Su'melekte bolsa vitamin ju'da' ko'p. Woni' toyi'p jegen adam ji'l boyi' tetik ha'm salamat boladi'.

Su'melek tayarlanatug'i'n ku'n Feruzani'n' u'yi qon'si'-qoba, tuwg'an-tuwi'sqanlar menen toldi'. Tag'am tayar bolg'ansha kempir apalar u'lgili gu'rrin' ha'm ra'wiyatlardan ayti'p berdi, jaslar qosi'qlar ayti'p, woyi'n woynadi'.

Azanda ma'ha'lledegi barli'q shan'araqlardi'n' da'sturqani'na mazali' su'melek tarti'ldi'.

1. Ne ushi'n su'melek yerte ba'ha'rde tayarlanadi'?
2. Su'melek pisiriw bari'si'nda balalar wo'zlerin qanday tuti'wi' kerek?
3. Gu'rrin'degi aqi'rg'i' ga'pti qayta woqi'n'. Bul ga'p arqali' ne ayti'lmaqshi'?

Su'wret da'pterin'izge su'melek tayarlaw ko'rinisin sali'n'.

## XALI'Q WOYI'NLARI'. WOYI'N A'DEBI

1. Siz doslari'n'i'z benen qanday woyi'nlardi' woynaysi'z?
2. Woyi'n waqti'nda g'a'rremlik qi'lg'an, wo'kpelegen balalarg'a mu'na'sibetin'iz qanday?

Woyi'n — balalardi'n' yen' jaqsi' ko'rgen shi'ni'g'i'wlari'ni'n' biri. Woyi'n quri' waqi't wo'tkiziw ushi'n woynalmaydi'. Ma'selen, gu'res, bes tas, arqan tarti'si'w, arqanda sekiriw si'yaqli' woyi'nlar balalardi' fizikali'q jaqtan shi'ni'qti'radi'. Al, tez ayti'w, woylap tap si'yaqli' woyi'nlar aqi'ldi' rawajlandi'radi'. «Miyman-miyman» woyi'ni' balalardi' milliy u'rp-a'det ha'm a'dep-ikramli'li'qqa u'yretedi.

Woyi'n woynawdi'n' wo'zine ta'n ni'zam qag'i'ydalari' bar. Woynag'anda g'a'rremlik qi'li'wg'a bolmaydi'. Ayi'ri'm balalar sa'l na'rsege wo'kpelep qaladi'. Bunday balani' doslari' woyi'ng'a qosqi'si' kelmeydi.

**1-jag'day.** Siz ko'shede balalar woynap ati'rg'ani'n ko'rdin'iz. Wolar sizdi woyi'ng'a qosi'wdi' qa'lemedi. Biraq sizin' ju'da' woynag'i'n'i'z kelip tur. Balalar sizdi woyi'ng'a qosi'wi' ushi'n ne qi'li'wi'n'i'z kerek?

**2-jag'day.** Woyi'n waqti'nda dosti'n'i'zdi' qatti' qapa qi'li'p qoydi'n'i'z. Wonnan qanday keshirim soraysi'z?



Ha'reketli woyi'nlar balalardi' fizikali'q shi'ni'qti'ri'p, wolarda shaqqanli'qti' asi'rsa, tez pikirlew woyi'ni'nda so'z a'hmiyetli wori'n tutadi'. «Sharlama», «Guldir-gup», «Sanama», «Aq terek pe, ko'k terek», «Jan'i'ltpash» ha'm «Jumbaqlar» aqi'ldi' rawajlandi'ri'wshi' woyi'nlar yesaplanadi'. So'ylew bari'si'nda pikirdi ja'mlew, seslerdi duri's ayti'w, sorawg'a ani'q juwap qaytari'w bunday woyi'nlardi'n' a'hmiyetli belgisi yesaplanadi'.

## Jan'i'ltpashlar

Quri'li'sqa terek kerek,
Demek, yegiw kerek terek.

***

Qapqaq qap qasi'nda,
Qap qapqaq qasi'nda.

## Qasqi’r ha’m yeshki
(ayti’s)

Qasqi’r: — Qasqi’r, yeshki dos boli’p,
Bir-birine quwnaqdur.
Kelin’-kelin’ ha’mmemiz
Birge aylani’p kelemiz.
Yeshki: — He aldap bopsi’z da’,
Qon’i’zaqti’ jepsiz da’.
Murni’ uzi’n qasqi’rbay,
Bizdi uslap bopsi’z da’.

Ba’ha’r ma’wsiminde «Aq terek pe, ko’k terek», «Man’lay shertpek» si’yaqli’ woyi’nlardi’ woynaw mu’mkin.

## «AQ TEREK PE, KO’K TEREK»

Namazshamg’a jaqi’n balalar g’awi’rlasti’. Shi’q-sam, balalar jan’a «Aq terek pe, ko’k terek» woyi’ni’n woynap ati’rg’an yeken. Bul woyi’nda balalar arasi’nda 20 — 30 qa’dem arali’q qaldi’ri’p yeki qatarg’a dizilefi, qol uslasi’p, qatardi’n’ basli’g’i’ qarsi’ qatarg’a qarap: «Aq terek pe, ko’k terek, bizden sizge kim kerek?» dep aytadi’. Qarsi’ ta’reptin’ basli’g’i’: «Pa’lenshe kerek», – degende ati’ ayti’lg’an bala qatardan shi’g’i’p ju’wi’ri’p bari’p wo’zin jan-ta’ni menen qarsi’ qatarg’a uradi’, sonda qatardi’ u’ze alsa, jen’gen bala jen’ilgen qatardan



bir balani' jetelep keledi, qatardi' u'ze almasa, wo'zi sol qatarda qaladi'.

Qanshadan-qansha balalar qarsi' qatardi' buzi'p bala ali'p keldi, qanshadan-qanshasi' qatardi' buza alamay qali'p ketti. I'nti'g'i'p ku'ttim: meni de «kerek» dese, men de ju'wi'ri'p bari'p qatardi' buzsam, bala ali'p kelsem... Biraq, meni hesh kim «kerek» demedi. Bul balalar menin' ati'mdi' bilmeytug'i'ni' yadi'ma kelmepti.

**Abdulla Qahhordi'n'**
**«Wo'tmishten yertekler» povestinen**

U'lkenler menen xali'q woyi'nlari' haqqi'nda sa'wbetlesin'. Wolar balali'q waqi'tlari'nda qanday woyi'nlardi' woynag'ani' menen qi'zi'g'i'n'. Wo'zin'izge biytani's bolg'an woyi'nni'n' woynali'w sha'rtlerin bilip ali'n'.

## ULUWMALASTI'RI'WSHI' SABAQ

A'ziz woqi'wshi'! Siz ja'ne bir jasqa toldi'n'i'z. 3-klass dawami'nda ko'plep bilim ha'm wo'mirlik ta'jiriybe artti'rdi'n'i'z. Ana-Watani'mi'z — O'zbekistan haqqi'nda tu'rli mag'luwmatlarg'a iye boldi'n'i'z. Soni'n' menen birge, milliy qa'diriyatlari'mi'z ha'm u'rp-a'detlerimiz, babalari'mi'zdi'n' bay ruwxi'y miyrasi' menen tani'sti'n'i'z. Insan wo'mirinde za'ru'r bolatug'i'n yen' a'hmiyetli a'deplilik qag'i'ydalari'n u'yrendin'iz. Qorshag'an wortali'qqa ha'm

haywanlarg'a qanday mu'na'sibette boli'w kerekligi haqqi'nda bilip aldi'n'i'z. Bulardi'n' barli'g'i' Sizge wo'mirde wo'z joli'n'i'zdi' tawi'p ali'wi'n'i'zda ko'meklesedi.

A'ziz woqi'wshi'! Siz yelimizdin' keleshegi, ata-anan'i'zdi'n' u'mitisiz. Keleshekte Sizdi jan'a bilimler ku'tpekte. Wolardi' qunt penen iyelep, jetik insan boli'p jetisesiz, dep woylaymi'z.

## G'AZZALIY HA'M QARAQSHI'LAR

(ra'wiyat)

Islam du'nyasi'ni'n' belgili ali'mi' Imam G'azzaliy jasli'q da'wirinde Nishapur ha'm Gurgon qalalari'na bilim ali'w ushi'n bari'pti'. Wol alg'an ilimi umi'ti'li'p ketpewi ushi'n bilgenlerin qag'azg'a jazi'p, saqlap ju'retug'i'n yedi. Ji'llar wo'tip wol ana jurti'na qaytpaqshi' boli'pti'. Qorji'ni'na qag'azlari'n sali'p, bir ka'rwan menen jolg'a shi'qti'.

Jolda ka'rwang'a qaraqshi'lar hu'jim qi'ladi'. Qaraqshi'lar jolawshi'lardi'n' mal-mu'lkin tarti'p ala baslaydi'. Na'wbet G'azzaliyge jetkende wol:

— Ha'mme na'rsemdi ali'n', razi'man. Biraq, qorji'ni'mdag'i' qag'azlari'ma tiymen', — dep wo'tindi.

Qaraqshi'lar qorji'ndag'i' ju'da' qi'mbat bahali' na'rse bolsa kerek dep woyladi' ha'm tarti'p aladi. Alti'n-ga'wharlar worni'na bir u'yim qag'azdi' ko'rip:

— Bular ne? — dep soradi'.

— Bular menin' birneshe ji'lli'q bilimim na'tiyjesi. Bulardi' tarti'p alsan'i'z barli'q miynetlerim zaya ketedi, — dedi G'azzaliy.



Sonda qaraqshi'lardan biri:

— Qorji'ng'a si'yatug'i'n ha'm urlaw mu'mkin bolg'an na'rse ilim bola almaydi'. Sen ilimin'di qag'azg'a yemes, yadi'n'da saqla, woni' sennen heshkim tarti'p ala almasi'n, — dedi.

Bul ga'pler G'azzaliyge qatti' ta'sir yetti ha'm bunnan keyin woqi'p u'yrengenlerin yadi'nda saqlawg'a qarar yetti.

1. G'azzaliyge qaraqshi'lardi'n' qaysi' ga'p-leri qatti' ta'sir yetti?
2. Insannan nelerdi tarti'p ali'w mu'mkin yemes? Nelerdi hesh kim tarti'p ala almaydi'?

**Demali's ushi'n tapsi'rmalar**

1. U'lgili gu'rrin', qosi'q, yertek ha'm ra'-wiyatlardan woqi'n'.
2. A'dep-ikramli'li'qqa tiyisli naqi'llardi' yad-lan'.
3. Ata-anan'i'z benen wo'zi'n'i'z jasap ati'rg'an aymaqtag'i' tariyxi'y jerlerge zi'yaratqa bari'n'.
4. Jaz dawami'nda doslari'n'i'z benen jaqsi' dem ali'n', milliy ha'm ha'reketli woyi'nlardi' woynan', fizikali'q shi'ni'g'i'n'.
5. U'lkenlerge u'y jumi'slari'nda, bag' ha'm ati'z jumi'slari'nda ja'rdem berin'.

## MAZMUNI'

I bo'lim. Watan muqaddes.... ..................... ..3
O'zbekistan Respublikasi' — g'a'rezsiz ma'mleket.............................................4
Konstituciyami'zda balalar huquqi'..................9
Men O'zbekistan Respublikasi' puqarasi'man ........................................... 13
Watani'n' — anan' ................................... 16
Watan sag'i'ni'shi'...................................... 19
Watandi' su'yiw degenimiz ne? .................... 20
Tuwg'an jer sezimi ....................................... 22
Watani'mi'zdag'i' tariyxi'y yestelikler ............ 24
A'yyemgi u'lken shirkew ha'm astronomiyali'q woray................................. 27
Ta'kirarlaw................................................ 30
II bo'lim. Insan go'zzalli'g'i' — a'dep-ikramli'li'g'i' menen ............................ 32
Kekselerdi qa'dirleyik ................................. 32
Adamgershilik haqqi'nda............................. 34
Bala huquqlari'. «Bala huquqlari'ni'n' kepillikleri haqqi'nda»g'i' Ni'zam tuwrali'.... 35
Muqaddes kitaplarda balalar a'debi............. 37
Danalar a'dep-ikramli'li'q, dosli'q haqqi'nda.... 40
Saqi'yli'q ha'm si'qmarli'q. Sawg'a beriw ha'm sawg'a ali'w a'debi ............................ 43

Ta'kirarlaw.................................................. 46
Miynet insan wo'mirin bezeydi .................... 48
Ka'sipler a'lemi ........................................ 51
Azadali'q — insan ko'rki.............................. 55
Tazali'q — salamatli'q girewi ...................... 57
Azadali'q ha'm ta'rtiplilik ............................ 60
U'nemlew a'debi.
Atalari'mi'z u'nemlew haqqi'nda..................... 62
Nanni'n' usag'i' da nan ................................ 64
Suw — tirishilik deregi.................................67
Ta'kirarlaw....................................................70
Biz jasap ati'rg'an a'lem ..............................72
Men ta'biyatti' qalay qorg'awi'm mu'mkin? ...........74
Haywanlarg'a mu'na'sibet .............................77
Ta'biyat qushag'i'na sayaxat.........................81
Ta'kirarlaw....................................................85
Ra'wiyatlar tariyxi'mi'zdan so'yleydi.
Nawri'z haqqi'nda ra'wiyat...........................87
Su'melek tariyxi' ........................................89
Xali'q woyi'nlari'. Woyi'n a'debi .....................93
Uluwmalasti'ri'wshi' sabaq ...........................97

## Ijarag'a berilgen sabaqli'q jag'dayi'n ko'rsetiwshi keste

| T/r | Woqi'wshi'ni'n' ati' ha'm familiyasi' | Woqi'w ji'li' | Sabaqli'q-ti'n' ali'n-g'andag'i' jag'dayi' | Klass basshi'-si'ni'n' qoli' | Sabaqli'q-ti'n' tapsi'-ri'lg'andag'i' jag'dayi' | Klass basshi'-si'ni'n' qoli' |
|---|---|---|---|---|---|---|
| 1 | | | | | | |
| 2 | | | | | | |
| 3 | | | | | | |
| 4 | | | | | | |
| 5 | | | | | | |
| 6 | | | | | | |

## Sabaqli'q ijarag'a berilip, woqi'w ji'li' juwmag'i'nda qaytari'p ali'ng'anda joqari'dag'i' keste klass basshi'si' ta'repinen to'mendegishe bahalaw wo'lshemlerine tiykarlani'p tolti'ri'ladi':

| | |
|---|---|
| Taza | Sabaqli'qti'n' birinshi ma'rtebe paydalani'wg'a berilgendegi jag'dayi'. |
| Jaqsi' | Qabi' pu'tin, sabaqli'qti'n' tiykarg'i' bo'leginen aji'ralmag'an. Barli'q betleri bar, ji'rti'lmag'an, ko'shpegen, betlerinde jazi'w ha'm si'zi'qlar joq. |
| Qanaatlandi'rarli' | Qabi' jazi'lg'an, biraz si'zi'li'p, shetleri jelingen, sabaqli'qti'n' tiykarg'i' bo'leginen aji'rali'w hali' bar, paydalani'wshi' ta'repinen qanaatlandi'rarli' won'lang'an. Tu'sken betleri qayta won'lang'an, ayi'ri'm betlerine jazi'lg'an. |
| Qanaatlandi'rarsi'z | Qabi'na si'zi'lg'an, ji'rti'lg'an, tiykarg'i' bo'leginen aji'ralg'an yaki joq, qanaatlandi'rarsi'z won'lang'an. Betleri ji'rti'lg'an, betleri jetispeydi, si'zi'p, boyap taslang'an. Sabaqli'qti' tiklep bolmaydi'. |

**Mohira Xoliqova,**
**Shahnoza Ergasheva**

# ODOBNOMA

**3-sinf**

*Qaraqalpaq tilinde*

Tashkent – «Yangiyo'l Poligraf Servis» — 2016

Baspa licenziyasi' AI № 185 10.05.2011 y.

Awdarmashi' *M. Ni'zanov*
Redaktor *U. Yusupova*
Ko'rk. redaktor *I. Serjanov*
Tex. redaktor *Z. Allamuratov*
Operator *G. Serimbetova*

Basi'wg'a ruqsat yetilgen waqti' 26.04.2016. Formati' 70x90 1/16.
Ofset usi'li'nda basi'ldi'. «Pragmatika» garniturasi'. Kegli 14.
Ko'lemi 6,0 b.t. 8,5 sha'rtli b.t. 6,85 yesap b.t.
Nusqasi' 12409 dana. Buyi'rtpa №

Original maket «Bilim» baspasi'nda tayarlandi'. 230103.
No'kis qalasi', Qaraqalpaqstan ko'shesi, 9.

112001, «Yangiyo'l Poligraf Servis» JShJ baspaxanasi'nda basi'ldi'.
Tashkent wa'layati', Yangiyo'l rayoni', Samarqand ko'shesi, 44-u'y.